ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№49 (24.019) ● 2020 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 28, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыща махуэшхуэ дауэдапщэхэр щегъэкІуэкІыныкІэ зэпэщакІуэ комитетым хэтхэу мы унафэм щІыгъу гуэдзэным къыщыгъэльэгъуахэр къэщтэн.

2. Къару имыІэжу къэльытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм щІышылэм и 21-м къыдигъэкІа Унафэ №91-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м къыдигъэкІа Унафэ №45-РГ-мкІэ къащтащ

1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыща махуэшхуэ дауэдапщэхэр щегъэкІуэкІыныкІэ зи нэІэ щІэтыну къызэгъэпэщакІуэ комитетым ХЭТХЭР

2020 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м №45-РГ

КІуэкІуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ)*

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ*Іыр (къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ, зэгурыІуаУэ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іыр (къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Ажий В. Хь. - Аруан муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ щІыхуэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжьынымкІэ и министр*ыр*

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Іэхъуэбэч Щ. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, энергетикэмрэ сатумкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Ащхъуэт И. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министр*ыр*

Балъкъыз А. Хь. - Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Борсэ Ю. Къ. - Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Васильев С. С. - Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Воронин С. В. - Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкІэ и къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іыр* и япэ къуэдзэр

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Дадэ М. А. - Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхуэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Залиханов Къ. Хь.-У. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Инжыджокъуэ С. М. - Лэскэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Кълэбатэ Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныкІэ и министр*ыр*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и секретарщ)*

Къунижь М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іым* и къуэдзэр

КІурашин А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ Іуэхущ*І*апІэхэм ядэлэжьэныкъо лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Мэкъуауэ Т. Э. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кІуагъэщІыла и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Мэкъуашэ А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тарифхэмрэ псэупІэ Іэнатіэм кІэлъыплъыныкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Малкаровэ Ж. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щэнхабзэ хъугъэфІыгъуэу къалъытэ объектхэр къэралым ихъумэныкІэ управленэм и унафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Мамхэгъ Хь. Хь. - Бахъсэн къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Мысостышхуэ М. Хь. - Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ и министерствэм Гъуэгуэм шынагъэншэу щызекІуэныкІэ и Налшык къалэ линейнэ къудамэм и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Муртазов Б. С. - Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Павлов В. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министру щыІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Пахомов Д. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарыр *(зэгурыІуаУэ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр*ыр*

Саенкэ Т. В. - Май муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Сыжажэ Хь. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр*ыр*

Тараев И. В. - Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Тэхъу А. Д. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІымрэ мылькумрэ я ІуэхуэмкІэ и министр*ыр*

Устэ Д. А. - къэрал Іуэхущ*І*апІэм - Урысей Федерацэм социальнэ страховэанэмкІэ и фондым и щІыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Хъэсанэ И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Хъубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр

Шаваев И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр*ыр*

ШыхъуэбахъуэМ. Хь. - Зауэм, лжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщ*І*эуэзда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм *(пенсионерхэм)* я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьанысыгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуаУэ)*

Щоджэн Щ. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив къулыкъущІапІэм и унафэщІыр

ЩоджэнщІыкІу М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

«Урысей Федерацэм хьихьэ щІыналъэхэм я законхэмрэ нэгъуэщІ правовой актхэмрэ «Правовой хъыбархэм я официальнэ интернет-порталым (www.pravo.gov.ru) хэІущІыІу зэрыщащІ щІыкІэм и Іуэхуэкіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыдигъэкІа Указ №198-м щыубзыхуахэр гъэзэщІэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щыщхьэуІум и 6-м къыдигъэкІа Унафэ №86-РГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэкіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. «Урысей Федерацэм хьихьэ щІыналъэхэм я законхэмрэ нэгъуэщІ правовой актхэмрэ «Правовой хъыбархэм я официальнэ интернет-порталым (www.pravo.gov.ru) хэІущІыІу зэрыщащІ щІыкІэм и Іуэхуэкіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыдигъэкІа Указ №298-м щыубзыхуахэр гъэзэщІэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щыщхьэуІум и 6-м къыдигъэкІа Унафэ №86-РГ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 1-нэ, 2-нэ, 2.1 пунктхэм хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэкіэ зэкІэлъыкІыгъакІуэ Управленэм хъыбарегъащІэ технологиехэмкІэ и департамент» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министерство» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

б) 2.2 пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэкіэ зэкІэлъыкІыгъакІуэ Управленэм» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м №43-РГ

Ветеранхэр ягъэгуфІэ

● Гулъытэ

Мэлыжьыхьым и 23-м Бахъсэн район администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур я унагъуэ ихьэри щІэупщІащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу Кобылкин Иванрэ (ХьэтІохъущыкъуэ) Боченов Василийрэ (Кременчуг-Константиновкэ). Дэтхэнэми сом мин 25-рэ яритащ. Ветеранхэм район Іэтащхьэм фІыщІэ хуащІащ.

НЭХЪ ПАСЭУ нэхъыжьыфІхэм къаІэрыхьащ УФ-м и Президентым къыбгъэдэкІ сом мин 75-мрэ КъБР-м и Іэтащхьэр къаэзрыхуэупса сом мин 50-мрэ.

ЧЫЛАР Аринэ.

● Лъэпкъ проектхэр

Бгыщхьэ къуажэхэр зэпещІэ

«Фіагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъэншэхэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщІэным ипкъ иткІэ, 2020 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыналъэ мыхьэнэ щызиІэ и гъуэгуэм ящыщу километр 95-м зэрыщытпхъэ мардэм щыхуагъэкІуэж лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ.

ШЭРЭДЖ районым мы зэманым щызэрагъэзэхуэж Бабугент - Безенги къуажэхэр зэпызыщІэ, къуршылъэ-мывалъэхэм ящхьэщыкІ, псори зэхэту километр 12,3-рэ зи кІыхьагъ автомобиль зекІуэнІэр. КъыхэгъащІипхъэщ абы щыщу километри 4,6-р 2019 гъэм зэрырагъэфІэкІуар. Къэна километри 7,7-р мы гъэм зыхуэи хуагъэзэнщ.

Къарэсу ищхьэкІэ щыІэ щІыпІэм мы лъэхъэнэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм ящыщу Гъэгужьым и щхьэфэр зэрытратхъунщІыкІыжыр, зэрауэзэхужыр, кІэлъыкІуэу абдежым асфальт-бетон «гъэнэщІэ», ари тІуащІэу, тралъхьэжьыфын хуэдэу. Абы иужькІэ, а зекІуапІэм и нэхэр иджырей мардэхэм къитІасэу ягъэбыдэнщ, ибгъуэхэмкІэ гъуэгугъэлъэгъуэ нагъыщэхэр щІэрыщІэу щагъэувынущ, щызэхуэкІуэ машинэхэр тыншу иригъэзблэжьыфын хуэдэу, екІуаэзэпрыкІа тепльэ яІэу, лэч хужьхьэмкІэ щызэхагъэуэнэхукІынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 28, *гъубж*

♦Лжьыгъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ. ООН-м къызэрыкІыльхьам ипкъ иткІэ 2003 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ.

♦Химие шынагъэншагъэм и махуэщ

♦УФ-м и медицинэ дэІэпыкъуэгъуэ пэнщІэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1563 гъэм Москва лжьэн щыщІидзащ япэ типографием, Фёдоров Иванрэ Мстиславец Пётрэ ящІам. Ахэращ тезыдзар япэ тхыльыр.

♦1914 гъэм США-м щатащ пэш кІуэцІым зыхуэй хуабагъ-щІыІагъ езыгъэІыгъ кондиционер къызэрагупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ.

♦1908 гъэм эсперанто бзэм и дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1920 гъэм Азербайджан ССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦1925 гъэм РСФСР-м и Цыхуэбэ комиссархэм я советым къыдигъэкІащ «Къалэдэсым и щІэ-унэ-цІэр, и адэцІэр зэрыт и тхылъым ар щыпсэу щыпІэри къыщыгъэльэгъуэным теухуауэ» унафэр. **♦1945 гъэм** Дзэ Плъыжьым и дзэхэм Рейхстагым еб-гъэрыкІуэн щІадзащ.

♦1955 гъэм Ленинград къыщызэрагъэпэщащ офицерэр щрагъаджэ, Суворовым и цІэр зезыхьэ еджапІэр.

♦1967 гъэм американ боксёр Клей Кассиус (Али Мухаммед) зэпеуэхэм хэтыну хуимыту унафэ ящащ, абы США-м и дзэм къыпхьыщищІэн зэримыдэм къыхэкІыу.

♦1990 гъэм иужьрей дыдэу Совет Союзым и Маршал цІэр ятащ. Ар хуагъэфэщат Язов Дмитрий, а лъэхъэнэм ирихьэлІэу СССР-м зыхъумэжьныкІэ и министру щытар. Ар яхтащ ГКЧП-р 1991 гъэм къыззэгъэпэщахэм.

♦2001 гъэм космонавтхэм ящІыгъуу япэ дыдэу хьэрэшым лъэтащ турист. «Союз ТМ-32» къхъуэм ису абы щыгъуэ хьэрэшым кІуащ космонавтхэу Батурин Юрий, Мусабаев Талгат, Америкэм щыщ мелуанырыбжь Тито Деннис сымэ. Ахэр дунейпсо хьэрэш станцым махуикІэ щыІащ, космонавтхэм щІэныгъэ къэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыу, Деннис иІьагъуэм сурэт, видео трихыу, и Гъусэхэм «яхуэпщафІэу».

♦Хэку зауэшхуэм быни 9, зы нысэ, къуэрылъху-пхъурылъхуу 3 зыгъэкІуа шапсыгъ анэ Щхьэлахъуэ Чэбэхьан къызэралъхурэ илъэси 146-рэ ирокъу. Абыхэм ящыщу къэзыгъэзэжа имылъагъуу дунейм ехыжащ ар.

♦Шэрджэс тхакІуэ **ДыщэкІ Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Литвам щыщ совет актёр, режиссёр, СССР-м и цыхубз артист **Банионис Донатас** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Иракым и президентэу илъэс 24-кІэ щыта **Хъусен Саддам** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Испаниеу и актрисэ цІэрыІуэ, а къэралым щыщу «Оскар» саугъэтыр япэу зыхуагъэфэща **Крус Пенелопэ** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 10 - 12, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 29, *бэрэжьей*

♦Кьафэм и дунейпсо махуэщ

♦Химие Іэщэ къызэрагъэсэбэпам и зэранкІэ дунейм ехыжахэм я фэеплъ махуэщ

♦Израилым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1770 гъэм Австралиер зэрыщыІэр къахутащ.

♦1897 гъэм инджвылы физик, профессор Томсон Джозеф электрон пкъыгъуэр къызэригъуэтар хэІущІыІу ищІащ.

♦1932 гъэм СССР-м къыщызэрагъэпэщащ милицием щІэгъэкъуэн хуэхъунри зи къалэн гупхэр, БРИГАДМИЛ жьыхуаІэхэр.

♦1942 гъэм Къардэн Къубатий Ленин орден етІуанэу къратащ.

♦1964 гъэм Щоджэнщ*І*ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр драмэ театрым щагъэуващ «Лалуцэ» япэ балетыр.

♦Урысейм и император **Романов Александр II** къызэралъхурэ илъэс 202-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущІэ, Маршал, Совет Союзым тІэунейрэ и Лыжьхэр **Крылов Николай** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦ЛыжькІэ къызэдэжэн спорт лІэужьыгъуэм цІэрыІуэ щыхъуа, СССР-м спортымкІэ щыІэ зиІэ и мастер, Олимп Джэгуэзм плІэнерэр, дуней пСОМ-гъэнерэр щытекІуа, Совет Союзым и чемпионкэ 39-рэ хъуа **Кулаковэ Галинэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цыхубз артистко **Удовиченкэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ теннисист цІэрыІуэ, Олимп чемпион **Агасси Андре** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщыхуэгъэхьэзырынымрэ абы пыща махуэшхуэ дауэдапщэхэр щегъэкІуэкІыныкІэ зи нэІэ щІэтыну къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэу мы унафэм щІыгъу гуэдзэным къыщыгъэльэгъуахэр къэщтэн.

2. Къару имыІэжу къэльытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм щІышылэм и 21-м къыдигъэкІа Унафэ №91-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м къыдигъэкІа Унафэ №45-РГ-мкІэ къащтащ

КъБР-м коронавирусым кІэлъыплъынымкІэ и Оперативнэ штабым къет

2020 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м

Узыр япкърытрэ япкъымытрэ къахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 12.636-рэ
Сымаджэ хъуахэр - 329-рэ
Иужьрей жэщ-махуэм кърибыдэу къахутахэр - 31-рэ
Хьужахэр - 31-рэ
Вирусым и зэранкІэ дунейм ехыжахэр - 1
Я унэхэм щІэсу зыкІэлъыплъхэр - 1404-рэ

ЩОМАХУЭ Іэминат:

ЩытыкІэм дыкъызэрикІынур дэтхэнэми ди жэуаплыныгъэм елъытащ

Мы зэманым дуней псор зэрыт щытыкІэ гугъум ику дыдэм хэтыр дохутырхэрщ. Ахэрщ нэгъэсауэ Іуэхур зыІутыр къызыгурыІуэр, абы къыхэкІыуи яхь жэуаплыныгъэми къыхэхъуащ. Я узыншагъэкІэ щынагъуэ зэрыщыІэр къагурыІуэми, я къару, я гуащІэ емыблэжу я къалэныр жэщ-махуэ ямыІэу ирахьэкІ. Республикэм коронавирус узыфэр зыпкърыкІуи яхь зэрыщыхутэрэ сымаджэщыр «унэ» зыхуэхъуахэм ящыщу СПИД-мрэ узыфэ зэрыцІалэхэмрэ щеІэзэ, щыпэщІэт республикэ центрым и поликлиникэм и унафэщІ Щоджэхуэ Іэминат.

- ДИ ЦЕНТРЫМ узыфэ зэрыцІалэ щынагъуэхэмкІэ госпиталь къыщыщызэрагъэпэщым, абы и унафэщІым дызэхуишэри, Іуэхум дыщигъэгъуэзащ, япэ сымаджэр къыщытхуаша махуэм щегъэжьауэ нэхъапэкІэ дызытета лэжьэкІэм зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр зэригъуэтынур къыджиІащ. Дэ дыхуэхьэзыру дыщытын хуейт жэщри махуэри центрым зэрыщыдгъэкІуэнум. Ди лэжьыгъэр узыфэ зэрыщІалэхэм дапэщІэтыным теухуауэ щыщІткІэ, дэ кьикІуэт дитІэтэкъым икІи ди лэжьакІуэхэм я Іэщ*І*агъэм епщІыжа кьахэкІакъым. Дызыхуеину хьэпшыпхэр къыздэтщтэри, центрым дыкъекІуэлІэжащ, маздм щІигъуауэ ар ди хэщІапІэщ. ЗеблэкіыгъуитІу, жэщыми махуэми, долажьэ, - жеІэ Щоджэхуэм.

- Іэминат, щыхубэм узыфэм хуаІэ щытыкІэр зэхуэдэкъым. Къэрал унафэщІхэм къызэрыхъураджам хуэдэу, шыІэныгъэ яхэлъу унэм щІэсхэри щыІэщ. Ауэ языныкъуэхэми къащохьу ар къагупсысауэ икІи шынагъуэ гуэрри щымыІэу. Абы теухуауэ сыт къыджепІэнт?

- Узыфэм епхауэ я къекІуэкІ псалъэмакъэм сэри сыщыгъуазэщ, ар куэдым я фІэщ хуэркъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы теухуауэ зэи нэгу щІэкІыр нэгъуэщІщ. Дэ, дохутырхэр, махуэ къэс дахэтщ а сымаджэхэм, долъагъу узыгъэгузэвэн щытыкІэ дызэритыр. Узыфэр къытхуэзыхьар хамэ къэрал, Москва къикІыжахэрщ. Апхуэдэхэм я унагъуэм щІэсхэр, зыхуэза-зэпсэлъылІахэр яцІэлэжауэ ди деж къокІуалІэ. Іуэхур шынагъэншэу щытамэ, ди унагъуэхэр къызэдэнэкІауэ мыбдеж дыщыІэну къыщІэкІынтэкъым. Ди лэжьакІуэхэм яхэтщ зи сабий щыІухэр, зи ныбжь хэкІуэта адэ-анэхэр умэ къыщІэзыпхэхэр. Абыхэм псоми къагуроІуэ яджпсту я лэжьыгъэр зэрынэхъапэр, дунейр зэтес хъужьныкІэ езыхэм куэд зэрелъытар. Араущ, щыхуэхэр къыхуэзоджэ зэрыхъужькІэ я унэ имыкІыну. щытыкІэ гугъум дыкъызыІэшынур дэтхэнэри жэуаплныгъэ хэлъу абы дызэрыбгъэдыхьэрщ.

- Коронавирусым зэрызыщахъумэн сыт хуэдэ чэнджэщэкІэ щІыхуэхэм захуэбгъэзэнт?

- Іэмал щыхьэчэхэр щыІэщи, ахэр вгъэзащІэ: щІэх-щІэхыурэ фи Іэхэр сабинкІэ фтхьащІ, фи нэкІум фызэремыІуэсэжьыныжь ИУХЬ фит, щІыхуэр ильэси 117-рэ ирокъу.

♦ЛыжькІэ къызэдэжэн спорт лІэужьыгъуэм цІэрыІуэ щыхъуа, СССР-м спортымкІэ щыІэ зиІэ и мастер, Олимп Джэгуэзм плІэнерэр, дуней пСОМ-гъэнерэр щытекІуа, Совет Союзым и чемпионкэ 39-рэ хъуа **Кулаковэ Галинэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цыхубз артистко **Удовиченкэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ теннисист цІэрыІуэ, Олимп чемпион **Агасси Андре** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Зэлхэр зэпэІэщІэмэ, я щІэщыгъуэу зэлъохьэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Щlалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и къару нэхъыщхьэр

Мы махуэхэм ди республикэм щагъэлъапlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомол зэгухьэныгъэр илъэси 100 зэрырикъур. 1991 гъэр къэсу СССР-р лъэлъэжьыу совет щlалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ ящыщ куэдым я гъащlэ гъэсыгъуанэр епхауэ щытащ Лениным и цlэр зезыхьэ союзпсо щlалэгъуалэ коммунист зэгухьэныгъэм (ВЛКСМ).

Шурдым Юрэ

IУЭХУШХУЭ зэфlигъэкlырт а жылагъуэ-политикэ lэнатlэм. Ар къыщыуэхуа яп илъэситхум къэралым зэхъуэкlыныгъэ инхэр къыщыхъуащ, и промышленностым, мэкъумэшым зиужьащ, къыкlэлъыкlуэри комсомолым хэтхэр флотымрэ авиацэмрэ я жэрдэмщlакlуэу щытащ, 1940 гъэхэм нэмыщ зэрыпхъуакlуэхэм япэщlэтащ е тылым щылэжьащ, 60 - 70 гъэхэм кьалэщlэхэм я ухуэныгъэ инхэм хэтащ.

Комсомолым и гуащlэм нобэрей ныбжьыщlэхэр щlагъуэу щыгъуазэкъым, атlэми пщыгъупщэ хьунукъым щlэ псори жьым къызэрыхэкlыр. Комсомолым и къалэнт школ псоми щыlэ пионер зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэну, сабийхэр ягъэсэну, лэжьыгъэм хашэну, н. къ. Илъэс пщыкlуплl хьуху пионерым хэта ныбжьыщlэхэр щlалэгъуалэ зэгухьэныгъэм хагъэхьэрт.

ВЛКСМ-м зи гъащlэр епхауэ щытахэм ящыщщ Шурдым Юрэ Хьэпагуэ и къуэр. Илъэс тlощlым щlигъукlэ комсомол lэнатlэ пэрытащ ар, иужькlэ парт, къэрал къулыкъущlапlэхэм унафэщlу щылэжьащ. Щlалэгъуалэ зэгухьэныгъэм хэтахэм я Налшык советым щыхьэзиlэ и унафэщlу Шурдымым шэч кьыгрихьэркъым а союзым и гъащlэ гъэзэгуанэр зэрирбзыхуам.

Бахьсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ Шурдым Юрэ. 1957 - 1962 гъэхэм ар щеджащ Орджоникидзе (иджы Владикавказ) дэт Кавказ Ищхьэрэ бгы-металлургие институтым. Ар къиуха иужь, Налшык дэт гидрометаллургие заводым инженеру щыlащ. 1968 - 1975 гъэхэм ВЛКСМ-м и Налшык горкомым и яп секретарщ, кьыкlэлъыкlуэ илъэсым КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и промышленно-транспорт къудамэм и инструктору, отделым и унафэщlым и къуэдзэу, идеологиемкlэ къудамэм и тхьэмадэу щытащ. 1991 гъэм къыщыщlэдзауэ 1994 гъэ хъуху КЪБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цlыхубэ депутатщ, лъэпкъ зэпыщlэныгъэхэмкlэ, щэнхабзэмрэ бзэмкlэ комиссэм и lэтащхьэщ. 1994 - 1998 гъэхэм КЪБР-м Къэрал мылькумкlэ и фондым и тхьэмадэм и къуэдзэщ. Абы кьыкlэтъыкlуэ илъэс 16-м Шурдымыр Стандартизацэмкlэ, метрологиемрэ сертификацэмкlэ и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и унафэщlщ.

Зеикъуэ щыщ щlалэр КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату зэхуэсыгъуиткlэ хахащ, ВЛКСМ-м и XVI, XVII съездхэм я делегату щытащ.

Абы кьыхуагъэфэщащ «Щlыхьым и дамыгъэ» орденыр, медаль зыбжанэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Щlыхь тхылъу тlу, КъБР-м и Щlыхьтхылъыр, ВЛКСМ-м и Щlыхьтхылъыр, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомымрэ Союзпсо коммунист щlалэгъуалэ зэгухьэныгъэмрэ я щlыхь тхылъхэр, ВЛКСМ-м и Щlыхь дамыгъэр, ВДНХ-м и медалыр, нэгъуэщlхэри.

Орджоникидзе щыщеджэм щыгъуэ, Юрэ студент гупхэм я комсомол зэгухьэныгъэм и унафэщlу щытащ. И ныбжьэгъуэхэр щыгъуу ар кlуэрт къэралым и металлургие заводхэм; студент стройотрядхэм я гъусэу – комсомол ухуэныгъэхэм; дзэ къулыкъум зыщыхуагъасэм - губгъуэ лагерхэр къызэхакlухьырт.

Налшык дэт гидрометаллургие заводым щыщлажьэм Шурдымым lэкlуэльакlуэу зэдихьырт и lэнатlэ нэхъыщхьэри жылагъуэ lуэхури. Комсомол лжьыгъэрат абы сэбэп кьыхуэхъур кьызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэ гугъур кьыгурыlуэныжмкlэ. Къыдэлажьэхэм пщlэшхуэ кьыхуащlырт Юрэ, зыпэрыт lуэхум фIы дыдэу зэрыхищlыкlым кьыдэкlуэу, абы дэтхэнэ зы цlыхуми зыдригъэкlуфырт.

КПСС-м и Налшык горкомым и яп секретарь Громыко Николайрэ ВЛКСМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щlынальэ комитетым и яп секретарь Зумакулов Борисрэ комсомолым и горкомым и зэlущlэм кьыщыхальхьэри, 1968 гъэм Шурдым Юрэ хахауэ щытащ ВЛКСМ-м и Налшык горкомым и яп секретару. А къулыкъур щlыхь пlыпlу абы иритхьэкlащ илъэсибликlэ. Комсомол зэгухьэныгъэм штатым хэту щыуипщl щылажьэрт, республикэм их комсомолхэм я зэхуэдитlым нэхърэ нэхъыбэр абы хэтт, и унафэм щlэтт комсомол lэнатlэ куэд. «Зыгъэпсэхугъуэ махуэ димыlэхъэу пlыпlтэ хъунут, - игу кьегъэкlыж Шурдымым. - Пщыхьэщхьэкlэри дыплажьэрт, кьалэр зыхуей хуэзэным кlэлъыплъхэм драгъусэу рейдхэм дыхэтт. Штатым къыщымыгъэлъэгъуа ди лэжьакlуэхэр хуабжьу сэбэп кьытхуэхъурт. Щlэбэт щlыхьэхуэр едгъэкlуэкlырт, стадионхэр, сабий джэгупlэхэр дыухуэрт, зыгъэпсэхупlэ щыпlэхэм деж гуэлхэр щытщlырт. Налшык псы lуфэм, кьалэ зыгъэпсэхупlэ паркым, нэгъуэщl щыпlэхэм иджыри щоKI комсомолым хэтахэм ягъэтlысауэ щыта жыгхэр».

Комсомол-щlалэгъуалэ гупхэр я лэжьыгъэм зэрехьулlэмкlэ зэхьэзэхуэрт. Абы ныбжьыщlэхэр ипсыхырт, я къарур я фlэщ хъужьныжмкlэ мыхьэнэшхуэ иlэт. Налшык и кьалэ комсомол lуэхущlапlэр жыджэру хэтащ къэралым и ухуэныгъэ инхэм. Ар псоми фIыуэ ящlэ БАМ-рщ, металлургие комплекс инхэрщ, щыщlэ кьэlэтыныр щ.

Щlалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджьным, гъэсэныгъэ нэс яб-гьэдэлъхьэным хуэунэтlауэ кьызэрагъэпэщхэм ящыщ зыт «Зарница» дзэ-спорт зэхьэзэхуэр, зауэм хэтахэмрэ абы и лIыхъужьхэмрэ, щэнхабзэм, гъуазджэм и лэжьакlуэхэр, Налшык гарнизоным и дзэ кьулыкъущlэхэр зыхэт зэлуцlэхэр.

- 1957 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм Щlалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VI дунейпсо фестиваль Москва щекlуэкlри, зы илъэс нэхъ дэмыкlыу дунейм кьыстехьащ СССР-м и Министрхэм я Советым и унафэ, ди къэралым и щlалэгъуалэ lуэхущlапlэхэм я комитетым и деж туризмэмкlэ бюро кьыщlэзрагъэпэщын хуейуэ. Апхуэдэ щlыкlэкlэ къэунэхуащ къэралым мылъку зыхухимиз «Спутник»-р. Абы и фIыщlэкlэ ди щlалэгъуалэр нэгъуэщl къэралхэм кlуэ, нэгъуэщl щlыпlэхэм къыкI хьэщlэхэр кьытхуеблагъэ хъуащ. Апхуэдэуи ди щlалэгъуалэхэм къэралым и лъэпкъ зэпыщlэныгъэ, Орджоникидзе, Псыхуабэ, Нартсанэ къалэхэм я комсомол щlэблэмрэ зэныбжьэгъут, - пещэ Шурдым Юрэ.

Лэжьыгъэ щхьэпэ зэфlигъэкlырт «Комсомольский прожектор» зи фlэщыгъэ къалэ lуэхугъуэм - комсомолым хэтхэмрэ хьыбарегъащlэ lэнатlэм и лэжьакlуэхэмрэ зэгъусэу къапщытэрт сату зэращl щыкlэр, цlыхуэр зэрагъашхэр, цlыхубэр зыхуэныкъуэ lуэхутхьэбзэхэмкlэ къызэзрагъэпэщыр, нэгъуэщl щыпlэхэм зэрыкlуэну щыкlэр зэрызэтеублар, нэгъуэщlхэри. Абыхэм къырикlуахэм теухуа тхыгъэхэр газетхэм къытехуэрт, радиомрэ телевиденэмкlэ къатырт, сурэтхэр «Восток» кинотеатрым и блным къыфIадзэрт. Апхуэдэкъэпщытэныгъэхэр щхьэпэт, наIуэ къызэращlу я щыуагъэхэр зэрызрагъэзэхуэжьныным дэтхэнэри яужь итт.

Сабийхэмрэ балигъ мыхъуахэмрэ щlэщыгъуэу ядэлажьэрт комсомол lуэхущlапlэхэр, зэхьэзэхуэ зэмылlэужьныгъуэхэр къызэрагъэпэщырт. Гъэщlэгъуэнракъэ, саугъэт лъэпкъым, дамыгъэ ятыртэкъым абы щыгъуэ, апхуэдэ щыlэн хуейуи ягу къэкlыхьхэрт зкъым. Щlэблэр уэрамым къыдэшынымкlэ, зыпэщlэмыхуапхъэ пэщlэмыхуэнымкlэ хуабжьу щхьэпэт абыхэм я зэманыр апхуэдэ lуэхуэхмкlэ зэрагъэнщlыр.

ВЛКСМ-м и лэжьакlуэхэр жэуапльныгъэшхуэ пылъу, екlуу зэтеублауэ ягъэхьэзырырт. А lуэхум пылът Москва дэт комсомол школ нэхъыщхьэр, абы и къудамэхэр, щlыпlэ щхьэхуэхэм, районхэмрэ къалэхэмрэ я къыщызрагъэпэщ курс зэмылlэужьныгъэхэмрэ семинархэмрэ. Псоми зэпымыууэ я щlэныгъэм хагъахьэрт. Зэрынэрылъагъущи, зэпымыууэ еджэн хуейуэ иджыпсту къызэрагъэувыр lэмалыщlэкъым, жьым хэпъа фIыуэ я къащтэжа lуэхущ.

- А зэманыр дигу кьэдгъэкlыжыну щlэгъапэр ди щlалэгъуэу зэрыщытам и закъуэкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрми кьэрал псоми щыпсэу цlыхуэхэр фIым щыгугъырт, я щlынальэм и псэукlэр ирагъэфIэкlэн щхьэкlэ я къару еблэжьыртэкъым, икlи дэ кьыдригурыуэрт ди кьару нэхъыщхьэр дызэкъуэтыныр зэрыарар, - жеlэ Шурдымым.

БЛИЙ Даянэ.

ЗауэлI хахуэ Къардэн Бубэ

Къардэн Бубэ Мацыкъ и къуэр ящыщщ цlыхуэхэм я гум фIыкlэ къина хэкупсэхэм. Ар Бахьсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм жэпуэгъуэм и 16-м 1917 гъэм къыщалъхуащ. Ар кьызыхэкlар мэкъумэшыщlэ унагъуэщ. Курыт еджапlэр и къуажэм къыщиуха нэужь, ар 1937 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым урысыбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм щеджащ, лъэпкъ кущlэм я литературэхэм фIыуэ нэIуасэ зыхуищlу, а унэтlынгъэхэмкlэ щlэныгъэ куу зригъэгъуэту.

75

ПЕДИНСТИТУТЫР кьызэриухыу, лэжьыгъэм пэрыуэным хунэмысу, Хэку зауэшхуэр къэхъеяти, Бубэ езым и лъэIукlэ фронтым кlуащ. Мазэ зыхыблкlэ Владикавказ къалэм дэт пехотнэ училищэм щеджа нэужь, ар взводым и командиру фронтым ягъакlуэ. Дзэ унафэщlхэм lэкlуэльакlуагъ, лIыгъэ зыдалъэгъуа офицер щlалэр иужькlэ ротэм и командир ящl. 1943 гъэм дзэ lэщlагъэхэмкlэ курс нэхъыщхьэр кьызэриухыу абы майор цlэр кьыфIащ икlи штрафбатальоным и командиру ягъэув. Апхуэдэ гупым я унафэр пщlыну зэрымытыншыр куэдым ящlэ, итlани Бубэ хуэзфIэкlащ зауэлIхэр зыгъ и быну зэкъуигъувэн икlи и псалъэр тlу ямыщlу игъэзэуащ. Къардэнри абы и нэIэм щlэта батальонри лIыхъужьыгъэ ин къагъэлъагъуэу хэтащ Кавказыр, Кърымыр, Молдавиер, Австриер хуит кьэзыщlакъэм, Берлин дыдэми нэсащ.

Бгырыс щlалэр зауэлIхэм кьаззрыхэщыр хэлъа лIыгъэмрэ махуэгъэмрэ я закъуэтэкъым. Ар зи пщlэмрэ зи нэмысымрэ зыIыгъыж, кьыкlуэт зымыщlэ цlыху ткIийт. Бубэ хэлъ апхуэдэ хьэл-щэным щыхьэт текъуэ зы хъыбари щыlэщ. Зигъэрым, Ясоо-Кишинёв ебгъэрыкlуэныгъэм тепсэлъыхьыну офицерхэр зэхуэсауэ, и къупльыкуlэ езым нэхърэ нэхъ лъагэ офицер гуэрым Къардэным хуэмыфащэ кьурипэсат. Бубэ ар имыдэу, пэувыжащ офицерым икlи кьыхуриджащ е щlакlуэ кlапэ зэдытеувэну, е и щхьэр кьыхуигъэщхьэкыну. Офицер щэнныншэр Бубэ ельэIужащ ищlар кьыхуигъэгъуну. А lуэхугъуэм теухуа хъыбарыр псынщlэу дэнэкlи щызэпъащlысауэ щытащ.

Кишинёв хуит кьыщащlыжьым щыгъуэ, Къардэн Бубэ зи пашэ батальоныращ япэу кьалэм дыхьауэ щытар. Апхуэдэ лIыгъэм хуэфащэт къэралым и дамыгъэ нэхъ лъапlэ дыдэр, арщхьэкlэ, зэрыжалэжамкlэ, ящыгъупщатэкъым щlакlуэ кlапэм и lуэхури, зэфIэкI зиlэ гуэрхэр «хэлIыфIыхьри», Къардэным къратакъым Лыхъужьым и Вагъуэр. Апхуэдэу хъуами, кьикlуэт имыIэу Хэкум и щхьэхуитныгъэм щlэзэуащ ар, зауэлI гупым пщlэ лъагэ кьыхуащlу.

Къардэн Бубэ зауэм и кlэухэм офицер курсхэм щылажьащ тактикэмкlэ егъэджакlуэу. И псэ емыблэжу, лIыхъужьыгъэ ин хэлъу зауэм и lэнатlэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа офицер хахуэм кьыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь орденитI, Хэку зауэ орденым и 2-нэ нагьыщэр, Вагъуэ Пlъыжь орденыр, медаль зыбжанэ.

1945 гъэм и кlэхэм зи хэку кьэзыгъэзэжа Къардэн Бубэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым урысыбзэмкlэ щыlэ кафедрэм и егъэджакlуэ нэхъыжьу уващ. Иужьыlуэкlэ пединститутым и унафэщlуи илъэс зыбжанэкlэ лэжьащ. Бубэ и къалэмыпэм а зэманым кьыпыкlащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм теухуа повесткэр, рассказхэр. Тхакlуэ Iэзэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакlуэхэм я правленэм и тхьэмадэу 1954 гъэм хахауэ щытащ икlи илъэситkIкlэ а къулыкъур ирихьэкlащ къызыхуэтынщэу.

Пединститутым, иужькlэ университетым щыщылэжьа илъэсхэм абы игъэхьэзыращ икlи ехьулIэныгъэ иIэу пкигъэкlащ кандидат, доктор диссертацэхэр, профессор цlэ лъапlэри кьыфIащащ. Щlэныгъэ куу зыбгъэдэлъа еджагъэшхуэр апхуэдэуи елэжьащ къуажэ еджапlэхэр зыхуэныкъуэ тхылъхэр, хрестоматиехэр зэхэлъхьэным. Мыхьэнэшхуэ яIэщ Къардэным къыдигъэкlа псалъалъэхэмри: «Урыс-къэбэрдей псалъалъэ», «Къэбэрдей-урыс фразеологием и псалъалъэ». Апхуэдэу лэжьыгъэшхуэ иригъэкlуэкlащ урыс литературэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм лъэпкъым и тхылъеджэхэр анэдэлъхубзэкlэ щыгъуазэ щlынымкlэ. Зи анэдэлъхубзэри урысыбзэри зэдэууэ, Iэзэу зыщlэ щlэныгъэлIым зэридзэкlахэм ящыщщ Лермонтов Михаил и «Ди зэманым и лIыхъужьыр», Шолохов Михаил и «Щlыщlэ кьаIэта» роман цlэрыIуэхэр, нэгъуэщlхэри. Бубэ и фIыгъэщ адыгэ усакlуэ куэдым я тхыгъэхэр урысыбзэкlэ дунейм къызэрытехьахэри.

Къардэн Бубэ 1988 гъэм дунейм ехьжащ. Ар щыщlалъхьэжащ къыщалъхуа Дыгулыбгъуей къуажэм. ЗауэлI хахуэм, егъэджакlуэ Iэкlуэльакlуэм, къэхутакlуэ емызэшым, щlэныгъэлI щlипкъэм икlи тхакlуэ щlэрыIуэм и фэеплъыр ди лъэпкъым ехъумэ.

КЪАРДЭН Хьэдис,
тхыдэ щlэныгъэхэм я кандидат.

Зи пIалъэр имыкI

2019 гъэм и пэщlэдзэм Урысейм и къэлэхъуакlуэхэм я загухьэныгъэм къыхилъхьауэ щытащ «Зи пlалъэр имыкI» зыфIища, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм нэмыщ зэрыпхъуакlуэхэм мамыр цlыхубэм ящыщу яуклIаxэм я фэеплъыр хъумэным теухуа Iуэхур.

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩlАКlУЭХЭМ я мурад нэхъыщхьэр Етlуанэ дунейпсо зауэм и зэманым зэрыпхъуакlуэхэм яубыда щlынальэхэм щалэжьа щlэпхъаджагъэхэм я пэжыпlэр щlалэгъуалэм «къажуэIухьныирщ».

«Текlуэныгъэ» Урысей къызэгъэпэщащlуэ комитетым, Хэкур яхъумэу зэкlуэдахэм я фэеплъыр ямыгъэкlуэдынымкlэ комиссэм, «Зи пlалъэр имыкI» Iуэхур ягъэзэщlэнымкlэ лэжьакlуэ гупым я зэIущlэхэм къыщащта унафэхэм япкъ иткlэ, Федеральнэ архив агентствэм УФ-м и ФСБ-р, МВД-р, Зыхъумэжьныгъэмкlэ и министерствэр щыгъуу пщэрылъ щащlащ Хэку зауэшхуэм и зэманым СССР-м и цlыхубэм ехьэлIауэ щlэпхъаджагъэ ялэжьахэр къызыхэщ дэфтэрхэр электроннэу игъэхьэзыру интернетым къриlхьэну.

КЪР-м и Архив Iуэхущlапlэр а Iуэхум жыджэру йолэжь. Нэмыцэ зэрыпхъуакlуэхэм зэрахьа лейр къэгъэнэIуэныр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м къыхуахьа хэщlныныгъэр къэгъэлъэгъуэныкlэ къэрал комиссэм и актыр, 1943 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м зэхагъэувар, щыхьэт тохъуэ бийр ди щlынальэм 1942 гъэм зыщlэхьуIум и 12-м къыщыщlэдзауэ 1943 гъэм щlышылэм и 11 пщlондэ зэритар.

А зэманым хуриубыдэу зэрыпхъуакlуэхэм хэщlныныгъэшхуэ ираташ республикэм и промышленностым, мэкъумэш lэнатlэмэ, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ Iуэхуэмэ. Цlыху мини 4-рэ 241-рэ яуклIащ: мамыру псэу цlыху 2188-рэ, гъэр ящlа совет зауэлIу 2053-рэ.

«Зи пlалъэр имыкI» Iуэхум хыхьэу, республикэм и Архив lэнатlэм и лэжьакlуэхэм ягъэхьэзыращ Хэку зауэшхуэм и зэманым зэрыпхъуакlуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щlалэжьа щlэпхъаджагъэхэр къыхэщу фондым хэлъ дэфтэри 137-рэ. Ахэр Федеральнэ архив агентствэм едгъэхьащ.

КЪР-м и архив Iуэхущlапlэ.

● Партым и гулъытэ

Куэдым ялъоIэс

Ди къэралыр иужьрей мазэм къриубыдэу зэрыт щытыкlэ гугъур цlыхуэхэм зэрыхъукlэ къатемыгъэхьэлъэным хуэгъэпса лэжьыгъэшхуэ зэфIех «Урысей зэкъуэт» политикэ партым. Мазэ блэкIам къриубыдэу партым къыбгъэдэкI гулъытэ зэхуэмыдэхэр ялъэIэсащ цlыху мин 288-м щIигъум.

ЗЭГУХЬЭНЫГЪЭМ и пресс-lэнатlэм хъыбар къызэрыдигъэщlамкlэ, къэралым хыхьэ щlынальэ псоми мы зэманым жыджэру щолажьэ волонтёр центрхэр. Апхуэдэ центр япэу къыщызэIуахащ Калугэ къалэм, иужькlэ Сочэ, Гроэнз, Смоленск, Архангельск къалэхэм, Саратов, Тюмень, Краснодар, Алтай щlынальэхэм, нэгъуэщl щIыпlэхэми. А Iуэхущlапlэхэм цlыхуэм зыщlагъакъуэ Iуэхутхьабзэ зэмылlэужьныгъуэхэмкlэ: сымаджэщым щэным къыщыщlэдзауэ школакlуэхэм унэ лэжьыгъэхэр зэращlыжьыфын ноутбукхэр кьахуэщхъуным нэсу. Коронавирус узыр зэуэлIа сымаджэхэм я тхьэмбылхэм зэрелэзэ Iэмэпсымэхэр (ИВЛ) «Урысей зэкъуэтым» хэтхэм я мылькукlэ къащащхуэа щlынальэхэри щыlэщ.

Партым и гулъытэр нос гъащlэм и нэгъуэщl унэтlныныгъэхэми. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, ипотекэ къэзыщтахэм кредитхэр тыныр пlалъэкlэ ящхьэщыхьныр, зи узынщагъэм сэкъат иIэхэм зи чэзу медицинэ къэпщытэныгъэхэр дегъэкlуэкIыныр мази 6-кlэ гъэIэпхъуэныр, хьэрычэтыщlэ lэнатlэ мащlэмрэ ику итымрэ ядэlэпыкъуныр, псэупlэ-коммуналнэ Iуэхутхьабзэхэм я уасэр и чэзум зымытыфхэм кьуэды ятемылъхьэныр, нэгъуэщlхэри.

«Урысей зэкъуэтым» и Къэбэрдей-Балъкъэр щlынальэ къудамэм и секретарым и кlуэдзэ, партым и щlынальэ гъэзэщlакlуэ комитетым и унафэщl, абы и волонтёр центрым и пашэ, КЪР-м и Парламентым и депутат Парафилов Дмитрий зэрыжиlамкlэ, ди республикэм гъатхэпэм и 26 лъандэрэ щолажьэ волонтёр центр хэха. Абы хэтхэр дзэпыкъуэгъуэ яхуохъу мы зэманр гугъум щытыкlэ хьэлъэм ихуа щlыхуэмэ: зи ныбжь хэкlуэтахэм, ветеранхэм, бынунагъуэшхуэхэм.

- Центрым щолажьэ щытыкlэ гугъум иту ди дзэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм зыкъыщзэрытпащlэ телефон щхьэхуэ. Апхуэдэ хъыбар дзэзыгъащlэ цlыхуэхэм волонтёрхэр сэбэп яхуохъу: ерыскъыпхъэр, хущхъуэхэр, нэгъуэщl медицинэ Iэмэпсымэхэр хуашэ, - жеIэ Парафиловым. - Ди центрым кьыхьыхьащ «Урысей зэкъуэтым и щlэблэ», «Текlуэныгъэм и волонтёрхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящыщ щlалэгъуалэри. Псори зэхэту иджыпсту цlыхуи 123-рэ дохъу.

Ди щlынальэм и волонтёрхэр блэкIа мазэм хуриубыдэу сэбэп яхуэхъуакlащ цlыху 200-м щIигъум. Щlалэгъуалэм Iуэхур кьадигъэпсынщlэу лэжьыгъэм кьыхьыхьащ Къэрал Думэм и депутат Щхьэгъуэш Адэлбий. Абы хущхъуэ зэмылlэужьныгъуэхэмрэ эпидемием и пльэхъэнэм къагъэсэбэпыну нэгъуэщl хьэпшыпхэмрэ езым и мылъкукlэ къахуищlэхуащ зи ныбжьыр хэкlуэтахэр щыпсэууэ Налшык дэт интернатым щыlэхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Ди сурэт гъэтlылъыгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубэ усакlуэ Щомахуэ Амырхъан украин тхакlуэ цlэрыIуэ Марко Вовчок и фэеплъ сыным деж къыщопсалъэ. *1967 гъэ*

Ислъамым и нур

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ

● Уаз

НэщІыр къабыл хъун папщІэ

НэщІыр къабыл хъун папщІэ абы къытхуигъэув къалэнхэр фигу къэдгъэкІыжынщ.

Бытырыр

Бытырыр умытынкІэ Іэмал зимыІэщ. Ар Алыхьым къалэн тщищІащ. Бытырыр дымытмэ, мазэ псом къэдэнщІам мыхьэнэ иІэнукъым. Абы теухуауэ Мухьэмэд Бегъымбарым (Тхьэм и нэфыр зыщы-хуам) жиІауэ хьэдисым къыщыкІуащ: «Рэмэдан мазэм къэвнэщІар уафэхэмрэ щІылъэмрэ я зэхуакум дэтынущ, бытырыр фтыху. Ар щыфтам дежщ фи нэщІыр Алыхьым и пащхьэм щынэсынур». Ди нэщІыр къабыл хъунуми мыхъунуми елъытащ бытырым. Абы мыхьэнэшхуэ иІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, нэмэзым щыуагъэ гуэр хэтщІыхьмэ, ар зэрыдгъэзэкІуэжыр сэджэд рэкхьэтыращ. НэщІым хэтщІыхь щыуагъэр зыгъэзэхуэжыр бытыраращ.

Бытырыр итыну къытохуэ дэтхэнэ зы мусылъэмэни, абы и щхьэ, и унагъуэ зыхуей зэрыхуигъэзэн мылъку (зы жащ-зы махуэм къуибыдэу) иІэмэ. Бытырыр унагъуэм балигъ мыхъуа сабийуэ исым папщІи тын хуейщ. Ящыныкъуэхэр хамэ къуажэхэм кІуэурэ абы щат бытырыр, ауэ диным къезэгъыркъым уэ ущыпсэу щІыпІэм иц хуэныкъуэхэм уаблэкІыу нэгъуэщІ щІыпІэм ар щыптыныр. Уи жьлэм бытырыр зытехуэ дэмысмэ, итІанэщ нэгъуэщІ щІыпІэм исхэм епт щыхъунур. Бытырыр зэптыну нэхьыфІхэр псом апэ уи Іыхьлыхэм хуэныкъуэ яхэтмэ, ахэраущ, апхуэдэ уимыІэмэ, итІанэщ адрейхэм щетыпхъэр. Ар птыну зэманкІэ нэхьыфІ дыдэу ибжыр хьид нэмэзым ипэ къихуэущ, ауэ Рэмэдан мазэм щыщу дэтхэ-нэ махуэми пты хъунущ. Хьид нэмэзым и ужькІэ бытырыр птыну фІыкъым, ауэ икІи хьэрэмкъым. Абы щыгъуэми щхьэусыгъуэ пыухыкІа гуэр уимыІэу бытырыр хьид нэмэзым и ужькІэ птыну хьэрэмщ.

Хьид нэмэзыр

Хьид нэмэз щащІыр нэщІикІыж хьидымрэ къурмэн хьидымрэщ. Ар фарзкъым, ауэ гъэзэщІэн хуей суннэщ. ЛыкІуэ лъапІэм зэи блигъэкІыу щытакъым хьид нэмэзхэр. Дэри Іэмал зэриІэкІэ блэдгъэкІ хъунукъым. Ар мэжджытым щыпщІынир суннэщ, ауэ унэми щыпщІ хъунущ. Хьид нэмэзым и уахътыщ бытырыр къыщыщІэкІым щегъэжьауэ шэджагъуэ хъуху. Ар рэкхьэтитІ мэхъу. Мухьэмэд Бегъымбарым (Алыхьым и нэфІыр зыщыхуам) жиІауэ хьэдисым къыщыкІуащ: «Хьид нэмэзыр щыхэфІэкІам деж ар зыщІаxэм яхэт мелыІыхэм ящыщ зым жеІэ: «ИрыращІэ псомэ, Алыхьым гущІэгъу къыфхуищІу, фи гуэныхьхэр къызэрыфхуигъэгъуар. ФекІуэлІэж фи унэхэм фыгуфІэу. Нобэ влэжьам къыпэкІуэ фІыгъуэ щыфхуатх махуэщ».

Хьидыр шэууал мазэм и япэ махуэращ, ауэ абы къыкІэлъыкІуэ махуитІри лъапІэщ.

Шэууал мазэм щыщу махуихыр

Рэмэданым и ужькІэ къакІуэ шэууал мазэм и япэ махуихым нэщІыныр гуэнэтщ, абы псапэшхуэ пылъщ. Ар суннэту аращ, Іэмал имыІэу къэдэнщІын хуейуэ щыткъым, атІэ, псапэу араща. Абы теуухуауэ хьэдисым къыщыкІуащ мыпхуэдэу: «Рэмэдан мазэр къэзынэщІу, абы къыкІэлъыкІуэ шэууал мазэм щыщу махуих къэзынэщІыжыр хуэдэщ илъэс псом нэщІам». НэгъуэщІ хьэдисым щыжиІэ: «НэщІ мазэр къэзынэщІу, абы къыкІэлъыкІуэ шэууал мазэм щыщуи махуих нэщІам къыщалъэуа махуэм щегъэжьауэ и гуэныхьыр къыхуэгъунущ».

Гу лъытапхъэщ: хьид махуэм нэщІ яІыгъкъым. Хьид нэужьыращ ущынэщІын хуейр. Шэууалым щыщу махуихым зэкІэлъыпытру унэщІми хъунущ, апхуэдэу зыхуэзфІэмыкІыр, хэчыхьауэ нэщІми хъунущ.

● Мэжджыт цІэрыІуэхэр

Филиппинхэм щыІэ мэжджыт тхьэмбылыфэр дуней псом щынэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ зыщ. Абы и теплъэ гъуэзэджэр зрагъэлъагъун къудей щхьэкІэ турист куэд макІуэ а щІыпІэм. Телъыджэращи, дуней псом а зы мэжджыт закъуэраща тхьэмбылыфэу, ауэ абыхэм мащІэ дыдэу къащІэльадэу араща тхьэмбылыфэ.

Филиппинхэм щыІэ зи гугъу тщІы мэжджыт тхьэмбылыфэм ар езыгъэщІа Шэмсуддин Димаукъ и цІэр фІащыжаш. Тхьэм и унэр апхуэдэу ин дыдэкъым, хьид мазэхэкъм деж абы екІуалІэ псори зэрыщІэмыкъуэм къыхэкІыу, нэмэзыр пщІантІэм щащІ. Мусулъмэнхэм къищынэмыщІа, мыбы щІагъэхьэ нэгъуэщІ дин зезыхьэхэри. Ауэ щыхъукІи, абыхэм ягъэзэщІэн хуейщ мардэ пыухыкІахэр. Псалъэм и хьэтыркІэ, вакъэр яльымыгъыу, бзылъхугъэхэм я щхьэм Іэльэщі телъу фІэкІа щІагъэхьэнукъым.

Мэжджытыр яухуащ 2014 гъэм. Абы елэжьа лэжьакІуэхэм псоми чыристан динщ зэрахьэр.

Дэтхэнэри зэгупсысыр и щхьэрт

Алыхьымкіэ Іиман щыпкъэ зыбгъэдэлъа щІалэ Басрэ къалэм дэсауэ къаІуэтэж. Ар сымаджэ щыхъуам, абы и унагъэр и пІэ лъапэм къетІысэкІауэ зэщІэгъуагэрт. ЩІалэр лъэІуащ, къызэфІагъэзТыісхьэну. И лъэІур хуагъэзэщІащ. Сымаджэр щысхэм еплъри, и адэм еупщащ: «Сыт ущІэгъыр, си адэ?» - «Уа, си щІалэ, уэ усфІэкІуэдмэ, сэ дауэ сыхъуну, абы и ужькІэ сэ къэзгъэщІэжынур гъащІэ сытми?» - жиІащ адэм гъыурэ.

«Уэ сыт ущІэгъыр, си анэ?» - жиІэу щІалэр щыщІэупщІэм, анэм жиІащ: «Уэзрыслэщ1экІым къызит гуауэм сетхьэлэри, ар схуемыгъэхьэу си тэмакъым фІэлъщ», - жэуап итащ анэм.

«Уэ ущІэгъыр сыт?» - жиІэу и щхьэгъэусэм зыщыхуигъаззм, абы жиІащ: «Уэ узимыІэжмэ, сэ дауэ сыхъуну, сабийхэри дауэ спІыну».

ЩІалэр и бынхэм еупщІащ: «АтІэ, фэ сыт фІыщІэгъыр?» «Зеинщэ дыкъызэрынэнуращ дыщІэгъыр», - жаІащ сабийхэм.

ЩІалэр псоми яхэпІэри, къыщиудри гъащ. «Уэ сыт ущІэгъыр?» - жаІэу абы щеупщІам, жэуап къаритащ: «Дэтхэнэ зыми фи щхьэр зэрырэгъэращ сэ сыщІэгъыр. Сыту фымыгъэрэ сэ къысспэщылъ гъуэгуанэ кІыхьым папщІэ, сыту фымыгъэрэ Тхьэм и пащхьэ жэуап зэрыщыстынум папщІэ». Ар жиІэри, щІалэм и псэр абдеж щыхэкІащ.

● Хьэдис лъапІэхэр

♦Тхьэр арэзы зыхуэхъуа ЛыкІуэ лъапІэм жиІащ: «Адэ-анэм я гуфІэгъуэр Алыхьым и гуфІэгъуэщ».

♦Къулейсызыр илъэс 500-кІэ нэхъ пасэу жэнэтым кІуэнущ, кІулейм нэхърэ.

♦Зи Ииманыр нэхъ быдэ дыдэр фэ фщыщу зи щытыкІэр дахэращ. Фэ фщыщу нэхъыфІыр - зи щхьэгъусэм фІыуэ хущытращ.

♦«Сыт хуэдэ Іуэхугъуэ-ра псом нэхърэ нэхъыфІыр?» - жаІэу ЛыкІуэ лъапІэм зыщыхуагъаззм, жэуапу зэхахащ: «И чэзум нэмэзыр пщІынырщ». «ИтІанэ-щэ?» «Адэ-анэм фІыуэ уахъущытынращ».

АдэкІэ Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфІыр зыщыхуам) къыпищащ: «Іуэхугъуэфіхэм я нэхъыфІщ уи адэм и ныбжьэгъуэхэр умыбгынэныр».

● Дерс къызыхэхыпхъэ

Зэ закъуэ гъащІэм къытригъэзэжатэмэ...

Куэдрэ къохъу, зэ закъуэ мы ди гъащІэм къытригъэзэжатэмэ, щытыкІэ куэдым зедгъэхъуэжыну дыщегупсыс. АрщхьэкІэ, блэкІар блэкІащ, абы къэгъаззэ иІэнукъым, зыри пхуэхэлъхьэжынукъым, зыри пхуэхэжьынукъым. Насып диІэмэ, дызыхущІегъуэжьи тщІэнкъым. Мы хъыбар кІэщІым си гугъащ куэдым дригъэгупсысыну.

АЛЫХЬЫМКІЭ Іиман щыпкъэ бгъэдэлъу лы гуэр псоурт. Жащ-махуэ имыІэу абы нэмэз ищІырт, КъурІэн еджэрт икІи быныр зыхуей хуигъэзэн папщІэ, зы махуи и къаурум емыблэжу лажьэрт. Зы щІалэ иІэти, зыхэтым фІыкІэ кхахэщу ипІащ, зыщІэхуэнса еджапІэ нэхъыщхьэрэ къригъэухащ. ЩІалэм псори иІэт. Абы и нэр къызыхуикІыу имыІэр зы закъуэт: иужьрейуэ къежьа машинэ лъапІэ дыдэхэм хуэдэт. Адэм ищІэрт и щІалэм и хъуэпсапІэр, икІи къигъэгугъат еджапІэр фІыуэ къиухмэ, зыщІэхуэпс машинэр къыхуищэхуну. ЩІалэм еджапІэр фІы дыдэу къыщиухым, дауи, япэ дыдэу телефонкІэ зэпсэльар и адэращ. Дауи, адэм къигуфІам щІэи гъуни иІэтэкъым, икІи и къуэм жриІащ: «Сэ сызэрыбгъэгуфІам хуэдабзэу, уэри узгъэгуфІэжынущ, си щІалэ!». ЩІалэм, дауи, къыгурыІуат адэм и псалъэхэм я мыхьэнэр (зыщІэхъуэпс машинэр тыгъэ къызэрыхуищынур). ЕпІэщІэкІыу ар унэм иІуэжри, и адэм и пэшым щІыхьащ. И щІалэм гуапэу Іэплі къыхуищІри, уигъэхьэзыра тыгъэ зэкІуэщІыльыр хуишияц. Абы машинэ ІункІыбзэ къызэрикІуэцІихынум шэч лъэпкъи къытримыхьэу, щІалэм зэкІуэцІихащ адэм къыІэщІилъхьа тыгъэр. Арщхьэкіэ абы къыкІуэцІыкІар фэ Іувым кІуэцІыда КъурІэн цІыкІут...

Ар зыльъэгъуа щІалэр зэуэ къызэІыхьащ... Ар машинэм апхуэдизкІэ щыгугъати, Іэзыур зыІутым щыгъуазэ зимыщІу зигъэгъуэри, пщІантІэм дэкІащ. Уеблэмэ, нэгъуэщІ къалэ кІуащ, ауэ щыхъукІи, здэкІуэри, здэжэри адэм жриІакъым. А махуэм къыщыщідзауэ щІалэр щхьэхуэу псоууэ хуежьащ. ЩІалэм лэжьапІэфІ иІэ хъуащ, ауэрэ, зэманыр кІуэри, щхьэгъусэм кІишащ. Езыри адэ щхьэм, быным и Іэфіагъыр къыщыгурыІуэм, ар куэдым егупсысыжауэ къыщІэкІынти, мурад ищІащ апхуэдизрэ имыльэгъуа и адэм и деж кІуэну.

Тыгъэу къыхуэущІыну машинэм хуэпІащІэу ятэм унэм кІуэжамэ, нобэ зыхуэпабгъэр зыт: псынщІэу унэм кІуэжу и адэм быда дыдэу Іэплі иришэкІынырат, и щхьэм Іэ дильэнырат.

Пщэдей хуэдэм гуэгу техьэжыну щІалэм зитъхьэзэыращ. Зэманыр и пІэм ижьхьауэ къыщыхурт, къыхуэгъэсыртэкъым пщэдейр.

Абы хэту я бжэм зыгуэр къытеуІуэри, щІалэм телеграммэ къыІэщІалъхьащ. Абы итт и адэр дунейм зэрехьжар, къищынэмыщІауэ, и щІалэм къыхуигъэна щІэиным Іэ щІидзэн зэрыхуейр.

ЩІалэм и лъэр зэуэ щІэхуащ, дунейр кІыфІ къытехъуащ...

Адэм и пэш нэщІым щІыхьэжа щІалэм и гур гуауэм къызэгуитхьырт... Адэм и хьэпшыпхэм телъэщІыхьэрэ, абы къыІэрыхьащ еджапІэр къыщиуха махуэм тыгъэ къыхуищІауэ щыта КъурІэн цІыкІур. И гур къутэу КъурІэныр къыщызэІуихым, ар зыкІуэцІыда фэ Іувым къыдэхуащ ІункІыбзэрэ гъущІ пліимэ цІыкІурэ. Іункіыбзэм кІэрыщІа гъущІ пліимэ цІыкІум тетхат адэм и къуэм тыгъэ хуищІа машинэр къыщищтэжыну щІыпІэмрэ ар къыщищэхуа махуэмрэ. Машинэр къищэхуат щІалэм еджапІэр къыщиуха махуэм...

Адэм и псалъэр игъэпэжат. КъурІэныр машинэм илъыну къыхуищэхуауэ арат. АрщхьэкІэ... блэкІар блэкІащ...

«Зэ закъуэ мыгъуэ мы гъащІэм къытригъэзэжатэмэ»..., - жиІащ щІалэм, и гущІэр мафІэм пхрисыкІыу.

● Ліыкіуэхэм я гъащІэр *(гъэкІэщІауэ)*

Ибрэхьим бегъымбарым и гъащІэм щыщ пычыгъуэ

ЯлэщІыкІэ сытепсэльыхьыну сыхуейщ Нэмруз.

Хэт Нэмрузыр?

Ар дунейм тетащ ЦІыху мыхъумыщІэу, лъы фІейуэ, Іейуэ щыІэм я нэхъ Іейуэ. Ялэ дыдэу дунейм «сэращ Алыхьыр» жызыІар араща. А лъы фІейм «сэращ Алыхьыр, сэращ фыкъэзыгъэщІар», - жиІэуэ щІыхубзр зыхуигъэпщылІырт, абыхэм лей ярихьырт, псори игъэшынэрт.

КЭНХЬАН къуэ къыщыхуалъхуам, Алыхь Іэмыркіэ лІы Іущым зыхищІат и къуэм игъащІэкІэ щІыху тэмэм къызэрыхэмыкІынур. Адэм къыгуриІуат щІалэ щІыкІур Алыхьым и бий зэрыхъунур, хьэбгыщІыбгъу дунейм зэрытетынур. Абы зыри фІэкІыпІэ иІэнутэкъым, гъэсэныгъи пхуэхэлъхьэнутэкъым, сыту жыпІэмэ, ар апхуэдэу Тхьэм къигъэщІат. (Тхьэм ищІэр Езым ещІэж). Апхуэдэу щыхъум, и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэчэнджэщри, мурад ищІащ Алыхьым пэщІэувэну сабийр Іэщыбі ящыну. Анэм ар ихьащ щІыху щымыпсэу губгъуэм, арщхьэкІэ, и бынти, хуэукІыжакъым, атІэ, псэууэ губгъуэм кьринащ. А сабийр зыльагъу хьэкІэкхъэжкІэ нэгъуэнэ щынэрэ абы пэщІэ защІыст, сыту жыпІэмэ, сабийм и натІэм тетт жыхьэнмэ мафІэм и дамыгъэр.

ИужькІэ анэм и быныр къищтэжри, псы ежэхым хидзащ. Тэлай дэкІри, сабийр псы Іуфэм къыІуидзэжащ. Ар цІыхухэм къагъуэтри, япІащ, Нэмруз фІащащ.

Балигъ хъуа щІалэм зэрихьэ лейр псалъэ къудейкІэ къыпхуэмыІуэтэным хуэдизт. Ар щалъагъукІэ щІыхьбэм я щІыфэр тхытхырт, апхуэдизкІэ абы щышынэхэрти. Дауи, Кэнхьани ильагъурт апхуэдиз лей зезыхьэ щІалэр. Ауэ абы ищІэртэкъым ар езым и къуэр зэрыларар. Кэнхьан мурад ищІащ и дзэр зэхуишэсу Нэмруз лейзехьэр яукІыну. Нэмрузи зэхихащ Кэнхьан и мурадхэр. ТІуми я дзэхэр зыщІагъури, зэадзэзкъуэр зэпэщІуваащ. Абы щыгъуэм лъыуэ ягъэжар щІэнигъэлІ тхьидтхэм я тхьылъм кІыхьу къыщокІуэ. Кэнхьан и дзэр зэтраукІащ. Иужькіэ, зэадзэзкъуэр утыку ихьащ я къару закъуэкІэ зэзэуэну. Нэмруз бзаджащІэм и адэр иукІыжащ.

Нэмруз и пщІыхьэпІэр

Зыми щымышынэ Нэмруз лъы фІейм и нэгу щІэкІа пщІыхьэпІэм хуабжу игъэпІейтеящ. ПщІыхьэпІэхэм я мыхьэнэр къызыгурыІуэхэм щахуиІуатэм, къыжраІаш: «Уи пщІыхьэпІэм и мыхьэнэр мыращ: мы дунейм мыгувэу щІалэ цІыкІу къытехьэнущи, аращ узытекІуэдэжынур». Ар зэхэзыха лІыр губжьри, унафэ ищІащ щІалэ цІыкІуу къалъхуу хъуар яукІыну. А унафэр зрэзащІэрт, арщхьэкІэ, Алыхьым иухам фІэкІыфа щыІэ?!

Ибрэхьим бегъымбарыр дунейм къытехьащ

Алыхьым Іэмыр ищІат Ибрэхьим бегъымбарыр къигъэщІыну. Нэмруз и унафэкІэ щІалэ цІыкІуу къалъхур зэрыкІым къыхэкІыу, ЛыкІуэр ныбэ щхьэщхьэщри, мурад ищІащ Алыхьым пэщІэувэну сабийр Іэщыбі ящыну. Анэм ар ихьащ щІыху щымыпсэу губгъуэм, арщхьэкІэ, и бынти, хуэукІыжакъым, атІэ, псэууэ губгъуэм кьринащ. А сабийр зыльагъу хьэкІэкхъэжкІэ нэгъуэнэ щынэрэ абы пэщІэ защІыст, сыту жыпІэмэ, сабийм и натІэм тетт жыхьэнмэ мафІэм и дамыгъэр.

ИужькІэ анэм и быныр къищтэжри, псы ежэхым хидзащ. Тэлай дэкІри, сабийр псы Іуфэм къыІуидзэжащ. Ар цІыхухэм къагъуэтри, япІащ, Нэмруз фІащащ.

Балигъ хъуа щІалэм зэрихьэ лейр псалъэ къудейкІэ къыпхуэмыІуэтэным хуэдизт. Ар щалъагъукІэ щІыхьбэм я щІыфэр тхытхырт, апхуэдизкІэ абы щышынэхэрти. Дауи, Кэнхьани ильагъурт апхуэдиз лей зезыхьэ щІалэр. Ауэ абы ищІэртэкъым ар езым и къуэр зэрыларар. Кэнхьан мурад ищІащ и дзэр зэхуишэсу Нэмруз лейзехьэр яукІыну. Нэмрузи зэхихащ Кэнхьан и мурадхэр. ТІуми я дзэхэр зыщІагъури, зэадзэзкъуэр зэпэщІуваащ. Абы щыгъуэм лъыуэ ягъэжар щІэнигъэлІ тхьидтхэм я тхьылъм кІыхьу къыщокІуэ. Кэнхьан и дзэр зэтраукІащ. Иужькіэ, зэадзэзкъуэр утыку ихьащ я къару закъуэкІэ зэзэуэну. Нэмруз бзаджащІэм и адэр иукІыжащ.

Нэмруз и пщІыхьэпІэр

Зыми щымышынэ Нэмруз лъы фІейм и нэгу щІэкІа пщІыхьэпІэм хуабжу игъэпІейтеящ. ПщІыхьэпІэхэм я мыхьэнэр къызыгурыІуэхэм щахуиІуатэм, къыжраІаш: «Уи пщІыхьэпІэм и мыхьэнэр мыращ: мы дунейм мыгувэу щІалэ цІыкІу къытехьэнущи, аращ узытекІуэдэжынур». Ар зэхэзыха лІыр губжьри, унафэ ищІащ щІалэ цІыкІуу къалъхуу хъуар яукІыну. А унафэр зрэзащІэрт, арщхьэкІэ, Алыхьым иухам фІэкІыфа щыІэ?!

Ибрэхьим бегъымбарыр дунейм къытехьащ

Алыхьым Іэмыр ищІат Ибрэхьим бегъымбарыр къигъэщІыну. Нэмруз и унафэкІэ щІалэ цІыкІуу къалъхур зэрыкІым къыхэкІыу, ЛыкІуэр ныбэ щхьэщхьэщри, мурад ищІащ Алыхьым пэщІэувэну сабийр Іэщыбі ящыну. Анэм ар ихьащ щІыху щымыпсэу губгъуэм, арщхьэкІэ, и бынти, хуэукІыжакъым, атІэ, псэууэ губгъуэм кьринащ. А сабийр зыльагъу хьэкІэкхъэжкІэ нэгъуэнэ щынэрэ абы пэщІэ защІыст, сыту жыпІэмэ, сабийм и натІэм тетт жыхьэнмэ мафІэм и дамыгъэр.

ИужькІэ анэм и быныр къищтэжри, псы ежэхым хидзащ. Тэлай дэкІри, сабийр псы Іуфэм къыІуидзэжащ. Ар цІыхухэм къагъуэтри, япІащ, Нэмруз фІащащ.

Балигъ хъуа щІалэм зэрихьэ лейр псалъэ къудейкІэ къыпхуэмыІуэтэным хуэдизт. Ар щалъагъукІэ щІыхьбэм я щІыфэр тхытхырт, апхуэдизкІэ абы щышынэхэрти. Дауи, Кэнхьани ильагъурт апхуэдиз лей зезыхьэ щІалэр. Ауэ абы ищІэртэкъым ар езым и къуэр зэрыларар. Кэнхьан мурад ищІащ и дзэр зэхуишэсу Нэмруз лейзехьэр яукІыну. Нэмрузи зэхихащ Кэнхьан и мурадхэр. ТІуми я дзэхэр зыщІагъури, зэадзэзкъуэр зэпэщІуваащ. Абы щыгъуэм лъыуэ ягъэжар щІэнигъэлІ тхьидтхэм я тхьылъм кІыхьу къыщокІуэ. Кэнхьан и дзэр зэтраукІащ. Иужькіэ, зэадзэзкъуэр утыку ихьащ я къару закъуэкІэ зэзэуэну. Нэмруз бзаджащІэм и адэр иукІыжащ.

Ибрэхьим мафІэм зэрыхадзар

Жащ-махуэ имыІэу Ибрэхьим къыхуриджэрт Алыхьым и закъуэныгъэм. Алыхьу зызыбжьк Нэмруз ар и гум хутемыгъахуэу, мурад ищІащ ЛыкІуэр мафІэм хидзэу игъэсыну. И блыгущІэтхэм Іэмыр яхуищІри, мазищкІэ кхрахьэлІащ пхъэ гъэсынхэр. МафІэшхуэр зэщІагъанэри, Ибрэхьим кхрашэлІащ. Арщхьэкіэ, мафІэр апхуэдизкІэ инт, гуащІэти, бгъэдыхьэпІэ кхъуэгъуэтыртэкъым. Апхуэдэу щыхъум, Іиблис лІыжь сэфэтым иту кхъахуэкІуэри, чэнджэщ къариташ: «Катапультэ фщІыи, абыкІэ хэвдзэ Ибрэхьим мафІэм». Апхуэдэ щІыкІэкІэ Ибрэхьим бегъымбарыр мафІэм хадзащ. Лъагэу бгым къытету мафІэм епІэ Нэмруз и гуфІэгъуэм щІэи гъуни иІэтэкъым.

Алыхьым и гущІэгъу

МелыІыпхэр гузавэу Алыхьым ельэІурт Ибрэхьим гущІэгъу кхъыхуищІыну. «ЛыкІуэр фэ кхъывэлъэІуэ, хуит фызощІ фыдэІэпыкъуну», - жиІэу Алыхьым мелыІыпхэм защІыхуагъаззм, Мэчрэіил Ибрэхьим жриІащ: «Уа, Ибрэхьим! Ухуеймэ мафІэм и щыгум уэшхыщхуэ къыщецэгъэшхынщ». Ауэ ЛыкІуэм идакъым мелыІыпхэр дэІэпыкъуу. ИужькІэ, Джэбрэіил къыхуэкІуэри, кхъыкриІащ: «Уа, Ибрэхьим! СыткІэ сэбэп сыхъуну, кхъыжеІэ закъуэ!». АрщхьэкІэ, зыри кьыдэІэпыкъуу идакъым. АтІэ жиІащ: «СыкъэзыгъэщІа Алыхь закъуэм зыжеІэ сэ сызэрыт щыгъыкІэр. Абы нэхъ дэІэпыкъуэгъу сэ сыкуейкъым».

Алыхьым мафІэм Іэмыр хуищІащ и зэран лъэпкъ ЛыкІуэм иримыгъэкІыну. Абы теухуауэ КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ мы Іэятыр: **«Алыхьым жиІащ: «Дэ ЖыІащ: «Уа, мафІэ! ЩІыпэІыІэ хъу, уи зэран иумыгъэкІ Ибрэхьим!».**

Алыхь Іэмырым фІэкІыпІэ иІэтэкъыми, мафІэм и зэран лъэпкъи Ибрэхьим екІакъым, атІэ, псэууэ, узынщэу, и зы щхьэц налъи имысауэ ахьыжьыжащ.

Ар зыльэгъуа гупым ящыщ куэдым Іиман щыпкъэ къахьащ. Ауэ Іиман къэзыхьахэм, дауи, Нэмруз ящыщакъым.

Нэмруз джаурым и кІуэдыжкІэ хъуар къыкІэлъыкІуэну «Ислъамым и нурым» хэтынущ, Тхьэм жиІэмэ.

● Фи лъэІукІэ

Накъыгъэ (май) мазэм и нэмэз щІыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, мэрем	03.24	05.00	12.13	16.06	19.08	20.52
2, щэбэт	03.22	04.59	12.13	16.06	19.09	20.54
3, тхьэмахуэ	03.20	04.57	12.13	16.06	19.10	20.56
4, блыщхьэ	03.18	04.56	12.13	16.07	19.11	20.58
5, гъубж	03.16	04.55	12.13	16.07	19.13	20.59
6, бэрэжьей	03.15	04.53	12.13	16.07	19.14	21.01
7, махуэку	03.13	04.52	12.13	16.08	19.15	21.03
8, мэрем	03.11	04.51	12.13	16.08	19.16	21.05
9, щэбэт	03.09	04.50	12.12	16.09	19.17	21.07
10, тхьэмахуэ	03.08	04.48	12.12	16.09	19.18	21.09
11, блыщхьэ	03.06	04.46	12.12	16.10	19.19	21.10
12, гъубж	03.04	04.46	12.12	16.10	19.20	21.12
13, бэрэжьей	03.03	04.45	12.12	16.10	19.21	21.14
14, махуэку	03.01	04.44	12.12	16.10	19.23	21.16
15, мэрем	03.00	04.43	12.12	16.11	19.24	21.17
16, щэбэт	02.58	04.42	12.12	16.11	19.25	21.19
17, тхьэмахуэ	02.57	04.41	12.12	16.11	19.26	21.20
18, блыщхьэ	02.55	04.40	12.12	16.13	19.27	21.22
19, гъубж	02.54	04.39	12.13	16.12	19.28	21.24
20, бэрэжьей	02.52	04.38	12.13	16.12	19.29	21.25
21, махуэку	02.51	04.37	12.13	16.13	19.30	21.27
22, мэрем	02.50	04.36	12.13	16.13	19.31	21.28
23, щэбэт	02.48	04.35	12.13	16.13	19.32	21.30
24, тхьэмахуэ	02.47	04.35	12.13	16.14	19.33	21.31
25, блыщхьэ	02.46	04.34	12.13	16.14	19.34	21.33
26, гъубж	02.46	04.34	12.13	16.14	19.34	21.33
27, бэрэжьей	02.44	04.33	12.13	16.15	19.36	21.35
28, махуэку	02.42	04.32	12.13	16.15	19.36	21.37
29, мэрем	02.41	04.31	12.14	16.15	19.37	21.38
30, щэбэт	02.40	04.31	12.14	16.16	19.38	21.39
31, тхьэмахуэ	02.39	04.30	12.14	16.16	19.39	21.41

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусулъмэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.

● ДифI догъэлъапIэ

ФIым хуэзгъэпса Апажэ Аслъэн

Зыужьыныгъэм, фIым хуэгъэпса сыт хуэдэ Iэхуми хуэмыщхьэх цIыхум куэд зрегъэхъулIэф. Апхуэдэщ Апажэ Аслъэн Къэралбий и къуэр - къэхутакIуэ емызэшщ икIи щIэныгъэлI щыпкъщ ар. Илъэс 20-м щIигъуауэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щолажьэ. КъБР-м и Парламентым и депутат, КъБКъМУ-м и ректор, профессор, мэкъумэш-хозяйствэ щIэныгъэхэм я доктор Апажэм и гъащIэ купщIафIэр къыпщIэхъуэ щIэблэм я дежкIэ щапхъэщ.

АПАЖЭ Аслъэн Къэралбий и къуэр Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм 1974 гъэм мазаем и 22-м къыщалъхуащ. ЦIыхум и ныбжьым елытауэ иIэ хъуэпсапIэхэми захъуэкIуэ йокIуэкI. Нэхъ балигъ хъуху и хъуэпсапIэхэри нэхъ ин мэхъу, гъащIэм зэрыхэпсэукIыфыным екъэлIауэ ахэри еубзыху. Аслъэн класс нэхъыжьхэм нэса ныужь кьыхихат IэщIагъэ ищIынур - ар хуейт ухуакIуэ хъуну. Курыт школыр 1990 гъэм дыжьын медалкIэ къуихри, КъБКъУ-м и инженер-ухуакIуэ къудамэм щIэтIысхьэну экзаменхэр щитым, лъэпощхьэпо гуэрхэр Iэхуум кьыхэкIи, и дэфтэрхэр кьыщIихьыжри, электрокъарукIэ лажьэ Iэмэпсымэхэр щащI «Севкавэлектроприбор» заводым слесарь лэжьэн щыщIидзат. КьыкIэлъыкIуэ илъэсым, и адэ къуэшым и чэнджэщкIэ, Апажэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием механик-инженерхэр щагъэхьэзыру иIэ хуадамэм щIэтIысхьащ. Ещанэ курсым нэсауэ, кафедрэм и унафэщI Быгуэ Зыбзэрятий щIалэщIэм гу кьыльитэри, зэреджэм хуэдэурэ лаборанту лажьэну тригъэгушхуат.

Студент илъэсхэм хуэзащ Аслъэн и япэ къэхутэныгъэ лажьыгъэхэр. ИкIи а унэтIныныгъэм дихьэхыныжьмкIэ щIэдзапIэ хуэхъуауэ кьильитэр чэнджэщагъуэу, нэхъыжьыфIу кьыщцхьащIэ Быгуэ Зыбзэрятелийр. ЕджапIэр кьыщцихьым абы триуухуакIэт и гъащIэр егъэджэныгъэ-щIэныгъэ Iуэхум зэрырипхынур. И щIэныгъэм хигъэхъуэным и мызакъуэу, еэым и лъагъуэ пхишьн мурадкIэ, 1996 гъэм Аслъэн аспирантурэм щIэтIысхьащ. Абы япэ курсыр кьыщиуха ныужь студентхэм я деж дерсхэр щригъэкIуэкIын хуей хъурт, егъэджэныгъэ Iуэхум дихьэхыным ар щIэдзапIэ хуэхъуащ.

Апажэм игу кьегъэкIыж лекцэхэм зэрызыхуигъэхьэзыру щыта щыкIэхэр. Езыри ныбжькIэ щIалэт а зэманым, иригъаджэжьм нэхърэ илъэс зыбжанэкIэ нэхъыжьу арати, щIэщхъу кьыщыщI хъунутэкъыми, лъэныкъуэ псомкIи зэщIэуэздауэ дерсхэм екIуалIэрт. ИужькIэ, 2001 гъэм, ассистенту лэжьэн щIидзэри, сыхьэт бжьыгъэ щхьэхуэхэр хухахауэ щытащ.

Ноби ещIэж Апажэм япэ дыдэу иныгъа курсым щIэса студентхэм я цIэ-унэцIкIэхэр. Япэу егъэджэн зэрыщIидзар инженер графикэр арат. Дисциплинэр зэрыщIэщыгъуэм и мызакъуэу икIи гугъут, икIи гъэщIэгъуэнт. Студентхэри яфIэфIу дерсхэм кьекIуалIэрт, еблэмэ, сыхьэт бжьыгъэ яуха нэужьи кьаназуэрэ зэгъуэсу зэдзлажьэхэрт. И гур зэIухауэ еджакIуэхэм зэрабгъэдэтыр арагъэнт апхуэдизу гъунэгъу кьыщцIыхуэхуахэр - я дзыхь кьрагъэзу, чэнджэщгъу ящIу апхуэдэт.

- Си псэм фIэфI IуэхукIэ щхьэн зэрыщIэздам ипкъ иткIэ, зыми гугъуехь хэзмыльагъэгу, си гуэзгу тыншу есшэжьащ, - жеIэ езы Аслъэн.

2002 гъэм теоретическэ, прикладной механикэмкIэ кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжьу ягъуваща Апажэр. А илъэс дыдэм Быгуэ Зыбзэрятелий и нэIэм щIэту и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIауэ щытащ. 2005 гъэм кафедрэм и доцент цIэр кьыфIащащ. Аслъэн сыт щыгъуи и лэжьыгъэхэмкIэ кьыхэжьаныкIыу, сыт хуэдэ кьалэн и пщэ кьыдаумыльхьэми псори нэсу зэфIихуу нобэм кьэсащ. Абы и Iуэхэхэм щыкIэIаауэ дунейм кьытехьащ щIэныгъэ лажьыгъэ пщIы бжьыгъэкIэ.

2011 - 2014 гъэхэм Апажэр КъБКъМУ-м и щIэныгъэ секретару лэжьащ. 2014 гъэм егъэлIэ нэхъыщхьэм и проректор кьулыкъым иягъэври, мазэ бжьыгъэ фIэкIа иримыкьэкIауэ, КъБКъМУ-м и ректорым и кьалэнхэр пIалъэкIэ игъэзащIэну ягъэуват. Дыгъэгъэзэм и 5-м IэIэткIэ хахри, а IэнатIэм пэрагъэувауэ нобэми ирехьэкI.

Аслъэн ректору лэжьэн щыщIидза илъэсым студенту минипIрэ щитхум нэс щIэст егъаIэм, егъэджакIуэхэри куэдкIэ нэхъыбэт. Иджыпсту, я жагъуэ зэрыхъущи, кьэралым кьигъуэ а хабзэщIэхэм тету кьудамэхэр нэхъ цIыкIу ящIын хуей хъуащ, лэжьакIуэхэм я бжыгъэри ягъэмэщIащ.

Университетым нобэкIэ студенту 4059-рэ щоджэ, абы щыщу 2145-р очнэ щIыкIэм тету. Аслъэн зэрыжиIэмкIэ, школыр кьэзыух ныбжьыщIэхэр я Iуэхущ IапIэм кьрагъэIэн папщIэ лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр ирагъэкIуэкI. ЩIалэрэ лэм кьищынэмыщIауэ, адэ-анэхэри хэту зэхьыхьэхэр кьыхэзрагъэпэщ. Апхуэдэу мазэ кьэс бжэ зэIухам и махуэ яIэщи, курыт еджапIэхэм кьыкIыуэ я кьакIуэхэм университетым и щыIэкIэ-псэукIэм, и кьудамэхэм, егъэджакIуэхэм, уеблэмэ, еджапIэ нэхъыщхьэр кьаухмэ, лжьыгъэ IэнатIэ яхуэхъунухэм щагъэгъуазэ.

Апажэр сыт хуэдэ лъэпощхьэпо ми тыншу пэлъэщ, зи гупсысэр пхызыгъэкIыф, зи щапхъэхэмкIэ коллективым гъуазэ яхуэхъу IэщагъэлIащ. Апхуэдэ щэнхэр сэбэп кьыхуохъу и нэIэ щIэт лэжьакIуэхэр зэгурыIуэрэ зэдзIуэжу игъэлэжьынымкIэ.

Ар ректор IэнатIэм зэрыпэрыувэрэ магистр кьудамэу университетым 5 кьыщызэIуахащ, иджыри программэщIэхэр зэхагъэувауэ Iуэхум зрагъэубгъун мурад яIэщ. Апхуэдэу, илъэс блэкIам еджапIэ нэхъыщхьэр кьэзыухахэм Iэмал иратащ, зыхуеджа унэтIныныгъэхэмкIэ курс щхьэхуэхэм пхыкIыу, диплом гуэдзэни зэрагъэпэщыну. ЩIэныгъэлIым зэрыжиIэмкIэ, ар куэду щхьэпэщ лэжьыгъэ IэнатIэ пэрыувэн хуей ныбжьыщIэхэм я дежкIэ.

Гъэ еджагъуэм и кIуэцIкIэ Урысейм, апхуэдэу дуней псом кьыщацIыху егъэджакIуэхэр, IэщагъэлI зэхуэмыдэхэр еджапIэм кьрагъэблагъэурэ студентхэм хуагъаэз, мастер-классхэр драгъэкIуэкI. Апхуэдэ Iэмалхэр кьагъэсэбэпурэ, студентхэм университет гъащIэр щIэщыгъуэ щащI, едджаным драгъэхьэж, иужькIэ кьахуэщхьэпэжыну сертификатхэри ират.

Апажэр унафэщI гумызагъэщ, зыужьныныгъэм и хэкIыпIэхэр наIуэу зыльагъу IэщагъэлIщ. Абы и унафэм щIэту университетым щолажьэ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэта еджакIуэхэр IэнатIэкIэ кьызэгъэпэщщыныкIэ центр. Абы щылажьэхэм я кьалэнщ диплом зыIэрыхьа ныбжьыщIэхэм лжьыгъэ кьагъуэтыныкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну. Абы папщIэ КъБКъМУ-р ди республикэм ит Iэхуущ IапIэхэм жыджэру ядолажьэ, студентхэри абыхэм практикэ ягъакIуэ.

ЩIэныгъэ-хэхэутэныгъэхэм ехъулIэныгъэфIэхэр щызыIэрызыгъэхьа студентхэр езы университетым кьызэрагъэнэжьыным хущIокъу, ахэр аспирантурэм щIэтIысхьэныжьмкIи, иужькIэ я щIэныгъэ лэжьыгъэхэр пхагъэкIыныжьмкIи дэIэпыкъуэгъу яхуэхъу.

Ягорым и псалъэхэм кьызэрыхущыжькIэ, нобэкIэ аспиранту 60 яIэщ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и фIэгъыр кьызэрахутэ Iэмалхэм ящыщщ абы кьыщIигъэкI аспирантхэм я лэжьыгъэхэр зэман кIэщIым кьриубыдэу утыку ираухьэныр. Апажэр иримыгушхуэу кьанэркъым КъБКъМУ-м и аспирантхэм еджапIэр кьауха нэужь илъэс нэхъ мыгувэу я кандидат лэжьыгъэхэр зэрыпхагъэкIыным.

Сыт хуэдэ Iэхуущхуэми тегушхуэ, зыужьныныгъэм и хэкIыпIэхэр зыбзыхуф, цIыху зэпIэзэрыт Апажэ Аслъэн ди республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыналъэхэми фIыкIэ кьыщащIыху, жылагъуэ гъащIэмэ жыджэру хэтщ. Ар Урысей педагогикэ зэхуэсым ди республикэм щIэ кьудамэм и унафэщIщ, апхуэдэу «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ советым и президиумми хэту мэлажьэ.

А псом кьадэкIуэту, 2018 гъэм Аслъэн и доктор лэжьыгъэр Мэзкуу щыпхигъэкIри, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор цIэр кьыфIащащ. Апхуэдэу, илъэс блэкIам КъБКъМУ-м и щIэныгъэлIхэу Шэджьихьэщ Юрийрэ Хьажмэтليуанрэ ящIыгъуу ягъэхьэзыра лэжьыгъэм жылэр трасэн и пэ кьухуэу щIыр зэрыгъэхьэзырыпхэм, абы папщIэ кьэзгъэсэбэпыпхъэ технологиехэм, экологие и лъэныкъуэкIэ иIэн хуей кьабзагъэм теухуаи мыхьэнэшхуэ зэриIэр кьалъытэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралсаугъэтыр кьыхуагъэфэщащ.

Мыри зэзыщагъфIыкIын Iуэхухэм ящыщу кьеэхуэлIащ. Апажэм - дызыхуэхIу илъэситхум еджапIэ нэхъыщхьэр зэрылажьэну программэр, абы зэрызегъэужьыпхъэхэм теухуауэ Апажэм игъэхъэзыра лжьыгъэр УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и аттестационнэ комиссэм игу ирихьри, ар кьыдиIыгъащ.

Щалъхуа щыналъэм, зыпэрыт IэнатIэм и кьэкIуэнум дапщэщи егъэпIейтей Апажэ Аслъэн. Зи зэфIэкI лъагэр абыхэм я зыужьныгъэм хуэзыгъэпсэ адыгэлIым ди гуапэу дохъуэхъу, узынщагъэ бзыгъэ иIэу, екъуэлIныгъэщIэхэр и куэду псэуну.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Тхьилъыщ1э

Сабийхэр зыщыгуфIыкIын



Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхьилъ тедзапIэм сабийхэм папщIэ тхьилъ гъэщIэгъуэн къыщыдэкIащ. ПащIэ Мариетэ «Покатился колобок...» зыфIищащ лэжьыгъэр я бзылъхугъэм и япэ тхьилъщ.

ШЭДЖЭМ щIыналъэм хыхьэ Нартан къуажэм Мариетэ 1968 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиухри, Налшык дэт медицинэ училищэм щIэтIысхьащ. Ар илъэс куэдкIэ щыпхэжащ Шэджэм район сымаджэщым - хирургие къудамэм операционнэ медсестрауэ; перинатальнэ унэм сабий цIынэхэм я реанимацэ къудамэм.

Школым зэрыщIэс лъандэрэ усэ етх, нэхъыбэр зыхуэгъэзар сабийхэращ. Абыхэм я нэхъыбIэхэрщ (адыгэбзэкIи урысыбзэкIи) и бжыгъэр 300 хъуэ дунейм кьытехьа «Покатился колобок...» тхьилъ цIыкIум ихуар. ГъэщIэгъэныр ар зэрыгъэщIэрэщIа сурэтхэри ПащIэ Мариетэ зэриIэдзакIэкIыпщ, тхьилъым и IуплъапIэм тетри абыхэм ящыщ зыщ.

БЛИЙ Даянэ.

● Уафэщ1хэм

МарсырыкIуэ къэмыланджэ

НАСА-м и Iэщ1агъэлIэм и кIэм нагъэблагъащ Марс планетэм и щIы щхьэфэм къыщызыкIухьыфын, абы щыщ пкъыгъуэхэр щызэхуэзыхьэсу ЩIы Хьурейм къэзыхьэсыфын Iэмэпсымэ тельыджэу Къэмыланджэ (Perseverance) зыфIащa роверым и зэхэгъэуэвэнэр.

АР 2020 ГЪЭМ бадзэуэгъуэм и 17-м кьыщыщIэдзауэ щыщхьэуIум и 5-м нэсыху ягъэува пIалъэм кьриубыдэу яутIыпщынущ, мазийкIэ уэгум ита иужькIи, 2021 гъэм мазаем и 18-м, Марсым щыIэ кратерхэм ящыщу Джезеро зи фIэщыгъэм и уэхым щетIысэхынущ.

Perseverance марсырыкIэр щIэныгъэлIхэм кьагупсысу Iэзэ дыдэу зэкагъэувэжа, килограмм 1043-м нэблагъэ зи хьэлъагъ роботщ. Планетэ «плъыжьым» и щIыIум абы къыщилъхьэнущ гъащIэ щыщыIагъэнкIэ хъуну лъэхъэнэ жыжьэхэм я Iэужьу я уафэщIым къыщыззтена нэрымыльагъу микробхэм я лъэужьхэр, и щIыгум и зэхэлъыкIэмрэ (геологиемрэ) мы зэманым абы къыщекIуэкI климатымрэ зыхуэдэр иужькIэ щIэныгъэлIхэм зэрызэхагъэкIыфыну къэпщытэныгъэхэри щригъэкIуэкIынущ.

Ровер - хэршым щыIэ уафэщIхэм (планетэхэм) я щIы щхьэфэм къыщызыкIухьыф Iэмэпсымэ тельыджащ. Мы зэманым Марсым «къыщеущых» 2012 гъэм щыщхьэуIум и 6-м астроинженерхэм абы щагъэзытIысэхауэ щыта «Curiosity» роверым.

ЩIэныгъэлIхэм кьызэрарагъэпэщ. Апхуэдэу мазэ кьэс бжэ зэIухам и махуэ яIэщи, курыт еджапIэхэм кьыкIыуэ я кьакIуэхэм университетым и щыIэкIэ-псэукIэм, и кьудамэхэм, егъэджакIуэхэм, уеблэмэ, еджапIэ нэхъыщхьэр кьаухмэ, лжьыгъэ IэнатIэ яхуэхъунухэм щагъэгъуазэ.

Ар Урысей педагогикэ зэхуэсым ди республикэм щIэ кьудамэм и унафэщIщ, апхуэдэу «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ советым и президиуми хэту мэлажьэ.

А псом кьадэкIуэту, 2018 гъэм Аслъэн и доктор лэжьыгъэр Мэзкуу щыпхигъэкIри, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор цIэр кьыфIащащ. Апхуэдэу, илъэс блэкIам КъБКъМУ-м и щIэныгъэлIхэу Шэджьихьэщ Юрийрэ Хьажмэтليуанрэ ящIыгъуу ягъэхьэзыра лэжьыгъэм жылэр трасэн и пэ кьухуэу щIыр зэрыгъэхьэзырыпхэм, абы папщIэ кьэзгъэсэбэпыпхъэ технологиехэм, экологие и лъэныкъуэкIэ иIэн хуей кьабзагъэм теухуаи мыхьэнэшхуэ зэриIэр кьалъытэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралсаугъэтыр кьыхуагъэфэщащ.

Мыри зэзыщагъфIыкIын Iуэхухэм ящыщу кьеэхуэлIащ. Апажэм - дызыхуэхIу илъэситхум еджапIэ нэхъыщхьэр зэрылажьэну программэр, абы зэрызегъэужьыпхъэхэм теухуауэ Апажэм игъэхъэзыра лжьыгъэр УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и аттестационнэ комиссэм игу ирихьри, ар кьыдиIыгъащ.

Щалъхуа щыналъэм, зыпэрыт IэнатIэм и кьэкIуэнум дапщэщи егъэпIейтей Апажэ Аслъэн. Зи зэфIэкI лъагэр абыхэм я зыужьныгъэм хуэзыгъэпсэ адыгэлIым ди гуапэу дохъуэхъу, узынщагъэ бзыгъэ иIэу, екъуэлIныгъэщIэхэр и куэду псэуну.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхутыгъэхэм я нэжагъыкIэ аэр зытхахэм нэсу ящыта яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеуэу зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутныныгъэр хъуэмэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ я къыдокI. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.099 ● Заказ №815

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» и капитан Бажэ Амир.

Арщыдан щыщ гъуащхьауэ Iэзэ

Тонджэгум дихьэхэм фIы дыдэу яIыхуу «Спартак-Налшыкым» и капитан, гъуащхьауэ Iэзэ Бажэ Амир. Щалъхуа икIи футболым япэ къабзэуэхэр щыхичэ Краснодар щригъажьэри, ар Мэзкуу и «Спартак»-м, Белгород и «Салют»-м, Воронеж и Факел»-м, Пензэ и «Зенит»-м, Владивосток и «Луч-Энергия»-м щыдджэгуащ икIи дэтхэнэ зыми лъэужь дахэ хьащIыгъэнащ. Иджыпсту зэфIэкI ин зэриIэр щегъэльагъуэ Иорданием и чемпионатым икIи абы щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм дэрэжэгъуэ ин яret.

АРУАН щыналъэм хыхьэ Арщыдан къуажэм Бажэ Амир 1988 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 15-м къыщалъхуащ. Пасэу топ джэгун щыщIидзащ щыпIэм и «Бедик» командэм. Япэ тренеру иIар а Iуэхур фIыуэ зыльгъагъ икIи куууэ хэзыщIыкI и адэ Бажэ Хьэутийщ. И адэ къуэш Дотии къуажэми республикэми хуабжьу щыцIэрыIуэ фотблистт.

- ЗанщIэу гъуащхьауэ къалэныр кьыхэсхащ, - игу кьегъэкIыж Амир. - Дзрэжэгъуэ ин къызэитырт ди хьэрхуэрэгъуэм я гъуэр щыхэзгъащIэм и деж. ЯпэщыкIэ ар зэгъэхъулIэгъуейт. Хуабжьу гугъу зезгъэхьын хуей хъуащ си хъуэпсапIэм сытетIэбэн папщIэ.

И ныбжьыр илъэс пщыкIутI хъуа кьудейуэ, 2001 гъэм, Амир кьэралым и кьалащхьэм кьыщыхутащ. Мэзкуу и «Спартак»-м и футбол школым зыщыщызгъэсэну сабий гуп кьащтэрти, и адэ кьуэш Бажэ Дотий абы кьыщригъэлIыну ишащ. Кавказым щыщ Iэбыдзгъэбыдэ щIалэ цIыкIур занщIэу ягу ирихьащ икIи кьащтащ.

- «Сыт Мэзкуу нэс щыпщIэнур, уи пIэ ис», кьызжаIэрт куэдым, - кьыпещэ и псалъэмакъым Амир. - Сэ абыхэм си лъэр щIагъэхун дэнэ кьэна, нэхъри сытрагъэгушхуэрт, ящIу сратакIуэрт. Сыбабаими, кьызгурыIуэрт адрейхэм яхуэзфIэкIыр сэри зэрызэзгъэхъулIэфынур. КьищынэмыщIауэ, зэрысщIэжрэ Мэзкуу и «Спартак»-м и джэгукIэм дольагъырт. Арати, мазэкIэ зыгъэсэныгъэхэм кьыщыскIэлъыплъри, школым сыщIагъэтIысхащ, кьалащхьэм я тренеру щызиIа Бондаренко и чэнджэщкIэ. Сакъэзыкъэуар кьэрал и къуэм и щIыIэ куэдым и кьэрал сабийхэр. ЗыхэсщIэрт си хъуэпсапIэр кьызэрызэхъулIэр икIи ерыщу зызгъасэрт.

ЩIыпIэ жьыжьэм и закъуэу зэман кIыхькIэ зэи щымыIа адыгэ щIалэ цIыкIур кьалащхьэм и зэрыхьэзэрийм кьыхэхутащ. И щхьэ Iэхуу езым зэриухуэжьну абы кьыхуукъуэкIащ икIи хъарзынэу кьеэхьлIащ. Гупым ар апхуэдизкIэ фIыуэ хэзгъэтыт, и пашэ хъуащ икIи капитану щIэх-щIэхьыуэ командэр джэгупIэ губгъуэм кьриишэрт.

И ныбжьыр илъэс пщыкIух иджыри иримыкьууэ, Бажэ Амир хагъэхьащ Мэзкуу и «Спартак»-м и щIалэгъуалэ гупым хэту, абы и капитану мызэмытIэу кьэралым и чемпион хъуащ икIи топ куэд я хьэрхуэрэгъуэм яхудигъэкIащ, гъуащхьауэ щIалэщIэхэм я зэпеуэм щытекIуэ. КъыщынэмыщIауэ, ираджащ зи ныбжьыр илъэс пщыкIубл иримыкьуахэр зыхэт Урысей Федерацэм и ныбжьыщIэ командэ кьыхэхам. Апхуэдизу лъэшу абыи хэзгъати, зэIущIи 8-м топи 6 щыдигъэкIат. Дауи, IэщIагъэлIэхэми тренерхэми гу кьыльатащ икIи хуабжьу набдзэгубдзапIэу кьыкIэлъыплIу хуежьащ. Амир зэфIэкI псори иIэт кьэралым и футболим нэхъыбIэхэмрэ щIалэ зы кьыхэкIыну хуейт. АрщхьэкIэ спортым и хабзэ ткIийхэм ящыщщ ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ кьахэкIыу цIыхур балигъэхэм щахьихьэр. ЗакъуэтIакъуэщ ар тэмэму кьызэхъулIэр. Бажэ Амир абыкIэ и насып кьимыкIауэ пхужьыIэнукъым, арщхьэкIэ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэранкIэ Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щригъэбыдэфакъым.

- Федотов Владимир ди тренер нэхъыщхьэу щагъэувам щIалэгъуалэр балигъэхэм нэхъ дыхишэу щIидзащ, - жеIэ Амир. - Владивосток и «Луч-Энергия»-м зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ дедгъэкIуэкIыу япэ дыдэу балигъэхэм сахэту джэгупIэ губгъуэм сыкъихьащ икIи тайм пос езгъэкIуэкIащ. Дауи, хуабжьу сыгуазэрт. Иджыри сызэ нэхъыбэм телевизоркIэ фIэкIа сымыльэгъуа, зи джэгукIэм хуабжьу сыдихьэхыу щыта Титов Егор, Калиниченкэ Максим сымэ хуэдэхэм иджы срагъуэзу Мэзкуу и «Спартак»-м и щIыхьэр схъуэрт!

Зи ныбжьыр илъэс пщыкIуий иджыри иримыкъуа Бажэ Амир занщIэу премьер-лигэм и зэрызехьэшхэм хадзэну дзыхь ящIакъым. И Iэпкълъапкъэм Iэзэгъэки нэхъ псыхьа хъун папщIэ бдджэнду ираташ ящ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхэм хэт «Спартак-МЖК»-м. 2007 гъэм абы зэIущIэ тIощI щригъэкIуэкIати, тIэу кьыхэжьаныкIащ. Ар профессиональнэ футболым щича япэ лъэбакъуэт.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Бажэр Мэзкуу и «Спартак»-м кьашэжащ. Абы зэи игу ихужьржьыкIи официальнэу щыт зэIущIэм япэу кьызэрыгъэгъахьар, зыгъэса командэм и балигъ гупым хэту. Ар кьыщыхьуар 2008 гъэм щыщхьэуIум (августым) и 6-рщ. Урысей Федерацэм и кубокыр кьэхьаным екъэIа зэхьэзэхэуэм и 1/16-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ «Спартак»-р Брянск кьалэм щыпIэ «Динамо»-м щыщIущIэрт. Хуахаха зэманыр машIэ дыдэми, Амир абы тегушхуэныгъэ кьиратащ икIи и командэр 2:1-уэ текIуэри, адэкIэ зэхьэзэхуэм щыкIуэтащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, Бажэ Амир Мэзкуу и «Спартак»-м и щIыхьыр афIэкIа зэи ихъумэжакъым. Япэ дивизионым зыкъыщызыгъэлъагъуэ Донр Iус Ростов и СКА-м 2008 гъэм и гъэмахуэм бдджэнду ираташ икIи а илъэсыр иухыкIыкIэ зыхэта зэIущIэ 13-м тоти 2 щыдигъэкIащ.

АдэкIэ Белгород и «Салют»-р кьыпэплъэрт. Бдджэнду зрата апэ дивизионым и командэ нэхъыфIхэм ящыщ зым Амир фIы дыдэу хэзгъащ икIи пэщIэдзэ зэIущIэ пщыкIутхум хэнейрэ кьыщыхэжаныкIащ. Абы иужькIэ белгороддэсхэм ар зыхашэпащ икIи кьыкIэлъыкIуэ илъэсищым 86-рэ яхуэджэгущ ищIа, и кьэхуэрэгъуэм топ 25-рэ яIудигъэкIащ. АрщхьэкIэ иужькIэ мылькукIэ я Iуэхухэр зэIыхьэри, «Салют»-р етIуанэ дивизионым кьекIуэтэхащ, абы и капитан Бажэ Амир гъунэгу Воронеж и «Факел»-м гуфIэжу зэхигъэхьащ. АрщхьэкIэ абыи зыщимыIэжьэу Пензэ и «Зенит»-м ди лъахэгъуэр Iэпхъащ.

Бажэ Амир и зэфIэкIыр кьыщызыкъуиха, и кьаруилъыгъуэ пхъэхэмэ «Спартак-Налшыкыр» премьер-лигэм хэтащ. Абы и тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрэ пресс-конференцэм щIэх-щIэхьыгъэ дыщеупщIыт Мэзкуу и «Спартак»-м щагъэса ди лъахэгъу щIалэр кьыщалъхуа щыналъэм кьыщIимышэжьыи и щхьэусыгъуэмкIэ, ар езыр хуабжьу зэрыщIэхъуэпсыр тщIэрт. Жэуап пыуykIи ягъэ щхьэусыгъуэмкIэ, ар езыр хуабжьу зэрыщIэхъуэпсыр 2005 гъэм Налшык и «Спартак»-м и унафэщIу щыта Амир и адэ кьуэш Бажэ Дотийуэ щыт пэтми. Ди командэм и ветеранэу Сыжажэ Валерэрэ Гогибедашвили Зауррэ абы трагъэчыныхьырт. Сытми, Красножан и щхьэр едгъэужьгъури, зэхьэзэхэуэм и пэ кьихуэ зыгъэсэныгъэхэм ящыщ зым Амир иригъэблэгъащ. Зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ гъэрым дакъикъэ зыбжанэкIэ кьыщригъэхьэри, иутIыпщыжащ, кьыдимыхьэхауэ жиIэри.

МылькукIэ и Iуэхухэр зэIыхьэу «Спартак-Налшыкым» премьер-лигэри, кьыкIэлъыкIуэу япэ дивизионри ибгына иужькIэщ Бажэ Амир Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэм кьыщагъэблагъэжар. ЗанщIэуи ар гупым и пашэ хъуащ. 2014 гъэм кьыщыщIэдзауэ Амир командэм и капитанщ икIи абы пIалъэрэ зэIущIэ 98-рэ нэпышкдэсхэм яхэту иригъэкIуэкIащ. Арщыдан щIалэм абыхэм топ 20 я хьэрхуэрэгъуэм щахудигъэкIащ.

Кьыщыхъуа щыIэщ 2017 - 2018 гъэхэм екIуэкIа зэхьэзэхуэм Владивосток и «Луч-Энергия»-м и фащэр щыщитIэгъа. А командэр премьер-лигэм игъэзэжыну хущIэкъуртри, Бажэ Амири и зэфIэкI абы щеплъыжьыну хуейт. АрщхьэкIэ, мылькукIэ кьакъуэувэн ягъуэтатэкъыми, Iуэхум кьиIаишхуэ щымыIэу, Налшык кьэкIуэжри, ди командэм кьыхыхьэжащ.

Бажэ Амир и хьыбарыфI щыIуар Хэкужьым и закъуэкъым. Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъегъуэхэр абы и зэфIэкI лъагэм щыгъуазэу кьыщIэкIащ икIи мы илъэсыр иухыкIэ щыдджэгуну Иорданием и командэ нэхъ лъэщхэм ящыщ «Аль-Ахли»-м яшащ. ИтIанэ «Спартак-Налшыкым» кьиблэзэжьыну и мурадщ, иужь лъэхъэнэм абы уэру кьыхьыха ди щIыпIэм кьыщалъхуа икIи зыщыщызгъэса щIалэгъуалэм и зэфIэкIымрэ IэзэгъымкIэ ядэгугъэшэн, аэр тригъэгушхуэу футболым и гъэгу бгъуфIэм тригъэувэн папщIэ.

ЖЬЛАСЭ Заурбэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ кьуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1ыщдэж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щ1хьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядолажьэнымкIэ - 42-60-53; узынщагъэр хъуэмэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.